


# *KOUTE, REKONÈT, AJI*

## *DAPRE PAWÒL BONDYE*

 Kounye a, kasèt sa, pou reyinyon sa a maten an, pa pou vann, se jis pou Legliz la oswa pou yon moun, paske li konsène Doktrin. Pou reyinyon deyò yo la, sa lakòz konfizyon, paske li difisil pou de moun wè bagay yo pafètman menm jan, men nou dwe kè ak kè, kanmenm. Men sa, noumenm nan tabènak isi a, kasèt sa yo se, ou remake sou . . . Se jis pou zanmi nou, e latriye.

<sup>2</sup> Kounye a annou bese tèt nou jis yon moman pou lapriyè. Konbyen moun ki ta renmen yo sonje yo pandan w gen tèt ou bese? Jis ak men w leve anlè, pou di: “Seyè, mwen—mwen nan nesosite jodi a, e mwen bezwen gras Ou,” pou kèlkeswa rezon an.

<sup>3</sup> Papa nou ki nan Syèl la, n ap apwoche Twòn mizerikòd Ou kounye a, paske yo te mande nou pou fè sa. E se Pitit Ou a, Sovè nou an ki te di nou, ke si nou t ap mande W nenpòt bagay nan Non Li, sa t ap akòde. Se poutèt sa, Seyè, konsyan ke n ap viv nan lonbraj Vini Li, e kounye a nou kanpe nan lonbraj mizerikòd Li, alò nou ta mande, Seyè, ke W chwazi, pa Sentespri a, bagay sa yo ke nou ta dwe mande yo. E nou santi maten an, ke sa pa t ap kontrè ak Pawòl Ou oswa gwo jistis Ou, epi mizerikòd ak gras Ou, ke si nou ta mande ke nou gen yon vizit espesyal jodi a ki vin de Sentespri a. Pou L ka vin nan mitan nou epi disène pansè kè nou, revele nou fèblès nou yo, epi geri maladi nou yo, epi mare kè brize yo, epi sove moun ki pèdi a, epi prepare yon pèp pou Vini Li. Seyè, tandè priyè sa.

<sup>4</sup> Kounye a nou pral li Pawòl Ou. Epi—epi nou priye, Seyè, ke nan leson lekòl dimanch nou an maten an, ke W va founi kontèks lekti a pou W revele L pou kè nou. Paske, nou vin isi a pou you sèl bi. Objektif sa, poukont li, se konnen W pi byen. Nou menm ki Kretyen, pa Lafwa, nou vle konnen W pi byen. Sila yo ki poko vin Kretyen, yo vle konnen W kòm Sovè yo. Sila yo ki malad, vle konnen W kòm Gerisè yo. E nou priye ke p ap gen youn k ap kite bilding sa, vid, men pou chak rekèt ka akonpli alalèt, epi chak dezi ka rankontre, e chak—chak moun ka kontan, pou soti nan bilding lan, ap di, tankou sa yo ki t ap soti Emayis, “Èske kè nou pa t ap boule anndan nou, pandan L t ap pale avèk nou sou wout la?” Paske nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

<sup>5</sup> Kounye a pou noumenm ki vle pran Liv nou an. Dabitid, mwen remake, ke nan sèvis evanjelizasyon yo, ke sa pran sèlman ven ou trant minit pou yon ti mesaj espiritiyèl fè meyè efè a, epi apresya yon apèl a lotèl. Men kòm se lekòl dimanch, mwen jis pa

vle fè l fason sa maten an. Mwen santi mwen plis kondui pou pran tan m pou pale sou Pawòl la.

<sup>6</sup> Kounye a, si yon moun pa alèz, li twò frèt, sèl bagay ou dwe fè se . . . Frè m lan, responsab la, dèyè legliz la la a, jis leve men w *konsa* dèyè a la, ba li, e l ap ajiste chofaj la. E nou vle pou w alèz epi santi w vrèman byen. Pou ap koute Pawòl la, paske nou gen konfyans nan Sentespri a pou anseye nou Pawòl Bondye a. Epi èske nou tout ka tande byen, dèyè a? Si wi, leve men w, si w—ou ka tande byen. Se bon.

<sup>7</sup> Kounye a mwen vle w pran avè m, mwen gen kèk nòt ekri la, ak kèk Ekriti. Kifè mwen vle nou pran avè m, an premye, Liv Women an, Women, chapit 9. E nou vle li pou leson Ekriti a, dabò, nan Women 9:11.

*(Byenke timoun yo poko fèt, ni yo pa t fè ankenn byen ni mal, konsa objektif Bondye selon jan l te chwazi a, non pa akòz zèv yo fè, men paske Bondye vle chwazi li;)*

*Yo te di l: Pi gran an va sèvi pi piti a.*

*Jan sa ekri a: Mwen renmen Jakòb, e mwen rayi Ezaou.*

<sup>8</sup> Ke Bondye ajoute benediksyon L sou lekti Ekriti sa. Epi kounye a kòm sijè, pou apiye leson mwen an, mwen vle pran sa kòm sijè: *Koute, Rekonèt, Aji Dapre Pawòl Bondye*. Kite m repete sa ankò. “Koute, epi rekonèt, e apres aji dapre Pawòl Bondye.”

<sup>9</sup> Kounye a, nou trè abitye, noumenm moun k ap fouye Lèzekriti lajounen kou lannwit, epi k ap li jounal nou yo pou tande nouèl kòmantatè yo, ke mond sa la twouve l anba men de gwo fòs espiryèl. E yo toulède se fòs relijye. E mwen kwè ke gwo fòs sa yo byento pral rive nan somè yo. E toude gwo fòs sa yo te reprezante nan de pitit gason Izarak sa yo. Kijan Bondye, nan sajès enfini Li, te prefigire tout bagay pou nou; pou ke nou ta ka konnen ak bagay sa yo, avèk sètitud, sa k ap tann nou. Li rann sa tèlman klè, ke Bondye ak Pawòl Li, epi lanati ak linivè Li a, yo tèlman byen ranje ansanm, ke menm pechè a—a ka wè ke yon bagay sou pwen rive. Bondye te tèlman byen ranje bagay sa yo. Pèsonn pa gen eskiz.

<sup>10</sup> Bon, nou wè nan de pitit gason sa yo ke lè yo, anvan yo te menm fèt, yo te an gè youn ak lòt. Menm si manman pi yo a . . . Pou vrè, li te yon vyèj, bèl Rebeka ki te marye semans jis pwomès Bondye a, Izarak; ke yo te de moun konsakre, kwayan ranpli ak Lespri Bondye, yo te predestine davans nan maryaj menm ki te ini yo a. Bondye te konn sa davans. E kijan yon bagay konsa te ka fè rive atravè sèl manman sa, ak yon sèl papa? Youn, yon moun trè mechan; epi yon lòt, trè bon moun; e kòmman ke bon moun lan te sanble ke se te mechan an, e sa ki mal la te sanble ke se te bon an.

11 Kounye a sa se, li te toujou, l ap toujou pwogram Bondye a. Bondye pa ka chanje pwogram Li. Paske, Li fè pwogram Li pafè, paske li fè pati de Li.

12 Nan jaden Edenn lan, peche te tèlman bèl ke l te detounen Èv de jistis, a peche. E nan menm jaden an kote te gen yon pyebwa Lavi, te gen yon pyebwa lanmò tou.

13 Nou konnen sa jodi a antanke lwa kontrè a. Ke, kote k gen byen, gen mal; kote k gen verite, gen foste. E kèlkeswa sa anviwonman nou ka ye, nou pap janm, janm kapab debarase nou de prezans youn nan yo. Paske, Pòl di: “Lè m vle fè byen, lè sa a mal la prezan.” Pechè a p ap janm ka debarase l de Kreyen an, ni Kreyen an de pechè a. Pral gen yon temwen la a pou sa k jis, epi yon temwayaj pou sa k mal, toujou. E ou fè chwa pa w. Ou dwe chwazi youn ou lòt kote a.

14 Men nan sityasyon de pitit gason sa yo, li etranj pou konnen ke, anvan yo te fèt, toude se menm menm semans lan, ki vin de Izarak, ki te pwomès la. Bon, leson nou an on ti jan long, e mwen vle bay ase kontèks pou w ka wè egzaktman de kisa m ap pale. Premye pitit gason an, ki te fèt, se te Ezaou; nou jwenn ke non sèlman yo t ap debat epi t ap batay nan vant manman yo, men yo te soti nan vant li, ap gouden, Ezaou t ap parèt, e Jakòb te kenbe talon pye l. E yo toujou ap gouden.

15 E kòman sa, kòman sa te fè ka soti nan papa sa ou manman sa ki pafè, pi, eli, sen, konsakre! Kidonk pou poze fondman sa, ke, Bondye rele pa eleksyon. Sa oblije. Pe enpòt jan papa w ak manman w te bon, jan yo te janti, jan papa w ak manman w te Kreyen, sa toujou depann de ou antanke endividi, pozisyon w devan Bondye. Leson sa anseye ke, ke yo, toude timoun yo, te menm egziste pa paran ke Bondye te chwazi epi te rele, papa ak manman an, yon fanm vyèj e yon nonm sen, ki finalman te menm bay atravè semans li Jezikri. Li te ne tankou youn ki sot nan lanmò. Yo te teste, papa l anvan l. E yo te pwomèt li, atravè semans Izarak sa, ke lemonn antye t ap sove. Epi apati de yon nonm konsa, ak san li sitèlman pi ke Bondye pa t ap menm kite Filisten an menm touche manman an, apre Abraham te fin lage manzè nan men l. Bondye te malmennen kay li, pou di: “Konsidere tèt ou tankou w mouri,” pou kenbe liye sa pi. E Rebeka sa, youn ki jis, sen, yon manman Bondye voye Bondye rele. E apati de semans sen sa a yon rebèl te soti ak yon kwayan. Ou wè? Kifè sa depann de apèl Bondye, eleksyon Bondye.

16 “E anvan youn ou lòt te fèt, Bondye te di, ‘Mwen renmen Jakòb e mwen rayi Ezaou,’ anvan youn ou lòt te fèt.” Kifè kijan nou ta dwe santi nou. Yon moun ki gen Bondye k ap pale avè l pou envite l vin sou tab Li ak Lakay Li, epi vin pitit gason oswa pitit fi Li, pa gen anyen ki pi gran pase sa.

17 De ti gason sa yo, si nou remake nati yo, youn nan yo te yon nonm espiyitèl, se te Jakòb. E nonm chanèl la se te Ezaou. Men

yo toulède te relijye. E menm bagay sa a te rive pandan tout aj yo, chanèl la ak espiryèl la.

<sup>18</sup> Ezaou te reprezante moun terès la, natirèl, panche sou zafè relijyon, men ki pa janm kapab rive. Sa pa t nan li pou fè l. Li pa t ka fè l. Sa pa t janm nan li pou l te ka depase bagay nan monn lan, bagay chanèl yo.

<sup>19</sup> Men, Jakòb, sa te tèlman fasil pou li pou fè sa. Bon, Jakòb, Jakòb te gen yon sèl objektif, e se te ke li te vrèman anvi gen dwa denès sa, kèlkeswa jan l te jwenn li an, se te jis jwenn li.

<sup>20</sup> E espri sa ki lye a sèl nesans sa a toujou reprezante nan mond lan jodi a, e li atenn somè l kounye a: kwayan espiryèl la; epi nonm chanèl la, kwayan chanèl la. Pèsonn pa t ka di ke yo toude pa t relijye. Yo te relijye. Yo pa t di ke youn t ap sèvi “idol” e lòt la t ap sèvi “Bondye.” Yo toude te sèvitè Bondye.

<sup>21</sup> Kounye a, fè anpil atansyon a Ekriti yo kounye a sou sijè sa a, paske mwen sèten sa ap ede w. Ou wè? Bon, “Se pa tout moun ki di, ‘Seyè, Seyè’ k ap antre, men sila ki fè volonte Papa M ki nan Syèl la.”

<sup>22</sup> Kounye a si w remake, Jakòb te gen yon sèl bagay ke l te vle, paske, dapre Pawòl la, benediksyon yo ak—ak bon bagay yo te chita nan dwa denès la. E, pou Jakòb, se te sèl objektif li, sèl bagay li te gen nan tèt li se te “posede dwa denès sa.” E Ezaou te meprize sa. Sila ki te genyen l tout bon an, te meprize l, oswa li te wont de li. Men Jakòb te vle l pe enpòt jan l te jwenn li, li te vle l.

<sup>23</sup> Se menm bagay la pou kwayan espiryèl la jodi a. Li pa bezwen konnen kijan w ap moke l, kijan w ap pran plezi avè l, kijan aksyon l yo ridikil pou espri chanèl la. Sèl objektif li se dwa denès la. Li vle atenn Bondye, paske li fèt nan li. Li pa ka anpeche l.

<sup>24</sup> *Jakòb* vle di “koken” oswa “twonpè.” Men apre li te fin jwenn epi li te vin posede dwa denès la, li te chanje. Sa se pati chanèl la, li te chanje. Lè sa yo te rele l, Jakòb, yon “prens avèk Seyè a,” ki te lite avè l.

<sup>25</sup> Kwayan chanèl la jodi a: “O, toutotan m al legliz epi fè sa ki byen, ki diferans sa fè?” Sa se gwoup Ezaou a, li toujou ap pran plezi epi meprize dwa denès la, li pa fè ka de li, men Jakòb te renmen l.

<sup>26</sup> Nonm espiryèl, ak fanm espiryèl jodi a, ke Bondye eli, predestine pou Lavi Etènèl, si yo oblije vann tout sa yo posede, si yo dwe retire non yo nan chak liv legliz nan nasyon an, y ap toujou vle dwa denès sa. Se sèl bagay ki enpòtan pou yo, “jis posede dwa denès sa,” se tou. Pe enpòt kijan, nan ki nivo yo dwe monte, si yo dwe desann sou jenou yo alotèl pou ap kriye, bouhou, si yo dwe ale nan tout plas yo—yo—yo epi retounen pou mete bagay yo annòd, epi vann sa yo posede, oswa—oswa renonse a

tout sa yo genyen pou vin yon pèleren ak yon etranje, pa gen pwoblèm. Yo vle dwa denès la. Se sèl sa ki enterese yo, dwa denès la. Kounye a, pa blame moun sa yo. Yo pa ka fè lòt jan. Yo te predestine pou sa, chwazi pou sa.

<sup>27</sup> Epi nou wè ke de mesye sa yo, moun chanèl ak moun espirityèl la, se konsa sa toujou pase. Se konsa sa ye jodi a. Li te toujou konsa.

<sup>28</sup> Kayen ak Abèl. Nan jaden Edenn lan, lè Edenn te kreye, te gen de pyebwa pou yon nonm te ka fè chwa l. Youn, te vin lasajès; lòt la, te vin Lavi. Te gen de ti gason, Kayen ak Abèl, toulède te relijye. Youn nan yo te vle Lavi Etènèl, e li te ofri Bondye, pa lafwa, yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen. Youn tip pafè legliz jodi a: legliz natirèl, Legliz espirityèl. E pa gen okenn dout ke m ap pale ak toude kategori yo kounye a menm, e petèt pa mwayen kasèt m ap pale ak dè dizèn de milye nan yo.

<sup>29</sup> Men, gade, legliz natirèl la, se jis legliz chanèl la. Yo pa janm ka depase ti bagay sa a ki rele “M fè pati de legliz. Si m al legliz, si m fè tout sa m kapab, se tout sa Bondye mande.” Bon, se menm bagay la Kayen te fè. Li t al bati yon lotèl. Li te ofri yon sakrifis, te pote fwi tè a. Epi l te di: “Men li, Bondye. Sa se pi bon bagay m genyen. Pran l osinon kite l.” Se fason sa kwayan chanèl la kwè jodi a. “Seyè, m pral legliz. M ap fè pati de pi bon gwoup ke m ka jwenn lan. M ap peye legliz la sa m dwe. M ap fè sa ki byen. Kounye a, men pi bon bagay mwen ka fè. M ap ede achte chabon pou vèv la. Oswa, m ap bay timoun yo rad.” Tout sa se trè byen, pa gen anyen pou di kont sa. “Men se fini, se tou. Si W vle l, pran l; si W pa vle l, Ou pa oblije pran l.” Bon, sa se atitid legliz chanèl la jodi a.

<sup>30</sup> Men Legliz espirityèl la! Abèl, pa revelasyon, pa gras, te wè pi lwen pase sa, e pa lafwa li te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen. E sa te temwaye de jistis li, Bondye.

<sup>31</sup> Menm bagay la te rive ak Izmayèl e Izarak. Youn te vin de lachè, e lòt la te vin de Lespri. Youn, te vin de fanm esklav la; lòt la, te vin de fanm lib la.

<sup>32</sup> Menm bagay la te rive avèk Izrayèl e Moab, de gwo legliz ki te rankontre. E lè Izrayèl te vle al nan plas yo a ki te pwomèt la, Legliz espirityèl la, pèp Jakòb la, Izrayèl sou wout la; Pèp Ezaou a te rankontre yo, Moab, legliz pwisan an. Epi gran lidè legliz la, Balaram, te desann pou l modi frè l, men li te rann li kont ke li pa t ka modi frè l la. Li te echwe, ak je l yo avèg, pou l te wè plan predestine a, epitou, pou wè Pawòl Bondye a.

<sup>33</sup> Premyèman, “Lafwa vin de sa w tande, sa w tande vin de Pawòl Bondye a.” Alò kwayan an tande L, rekonèt Li, epi aji dapre Li. Nonm chanèl la va tande L, va koute son An, men jamè. . . *Koute* vle di “konprann” Li. Gade, se ap gade yon bagay; men pou wè l, se “konprann” li. “Si yon nonm pa ne de nouvo, li pa ka wè oswa konprann Wayòm Bondye a.”

34 Bon, men Izrayèl, k ap vini, k ap avanse ak pwomès Bondye a, yo t ap dirije yo nan tè pwomiz la. Se pa t dè enfidèl, men dè kwayan, kwayan nan menm Bondye ak Izrayèl, ki te soti pou ap eseye modi frè li, paske li te di ke frè l, se sèten li te enjis poutèt li te fè anpil bagay ki mal. Men, ou wè, li pa t rive wè eleksyon an.

35 Menm bagay la pou Ezaou ak Jakòb! Ezaou te sanble yon pi bon moun. Li te enstale la a epi te fè dè bagay konsiderab. Li—li te pran swen vye papa avèg li a, li te pote jibye ba li e li te pran swen l, e li te yon bon ti gason. Gen anpil bagay ke kwayan chanèl fè sou baz relijyon, ede asosyasyon, epi—epi peye dèt lopital pou moun, ak bagay relijye, se pa de sa m ap pale.

36 Moab te kòrèk, yon gran nasyon, yon frè pou li. E Jakòb te fè tout sòt de bagay, li te yon vagabon; men poutan li te gen yon sèl bagay pou l reyalize, se te jwenn pwomès sa, dwa denès sa. Men Izrayèl k ap vini, timoun Jakòb yo, avèk menm objektif la. Kounye a kiyès ki pral gen rezon?

37 Balaram te bati sèt lotèl; Izrayèl te gen sèt lotèl. Balaram te ofri sèt sakrifis bèt pwòp; Izrayèl te ofri sèt sakrifis bèt pwòp. La a, toutotan yo te nan rityèl yo, Moab te relijye menm jan ak Izrayèl, Ezaou te relijye menm jan ak Jakòb, epi Kayen te jis relijye menm jan ak Abèl. Men, se eleksyon an ki konte.

38 Ala avèg! Ala avèg pitit Ezaou yo te avèg, nan sans espiritiyèl, Moabit yo, te gade Izrayèl e yo te di: “Gade yo. Yo pa yon denominasyon. Yo se yon bann rebèl. Y ap viv anba tant. E noumenm nou se yon gran nasyon. Yo te fè sa k mal. E yo pa t gen okenn òganizasyon nan mitan yo. Yo te jis ap vire anwon, ap swiv yon pwofèt.” Men yo te manke wè Sèpan an Kwiv la ak Wòch ki te frape a ki t ap mache devan yo. Yo te manke wè gwoup eli sa a, ke yo te rele ap swiv lòd Sakre Bondye nan tè pwomiz la.

39 Se fason sa l ye jodi a. Yo di: “Se yon bann sen eksite. Se yon bann moun ki se *sesi*, *sela*, ou se *lòtbò*.” Men yo manke wè ke sa konsène swiv direksyon Pawòl Bondye a.

40 Izrayèl te sou wout li pou al nan latè pwomiz. Bondye, nan Pawòl Li, te fè yon pwomès.

41 Jakòb, rezon ki fè l te chwazi jwenn dwa denès sa, pe enpòt, li te vle posede l, se paske li te konnen dwa denès sa te kenbe benediksyon yo. Sa te kontni lavi. Sa pa t deranje l fason l t ap vini an, an otan li te genyen l. Se te bagay prensipal la. Nan ki avyon sa t ap vini, pa t gen enpòtans. Li te vle l. E li te dwe genyen l. E li te resevwa l. “Benediksyon pou sa yo ki grangou ak swaf lajistis, yo va ranpli.” Li te sou wout li, e li te dèyè l, e li te resevwa l.

42 Izrayèl te sou wout li pou al latè pwomiz. Kèlkeswa kantite Moabit ak malediksyon yo te eseye mete sou yo, yo t al tou dwat nan latè pwomiz.

43 E jodi a kèlkeswa kantite lwa yo genyen, kantite pouwit lajistis, kantite pèsekisyon, ou pap janm, kèlkeswa kantite move bagay yo di, kantite fwa y ap rele w *sen eksite*, kantite fwa yo te di move bagay sa yo, Legliz ap vanse, Li oblije, L ap rete nan Pawòl Bondye a.

44 Yon fwa de wa te rankontre. Youn nan yo se te Akab, yon move wa, lòt la se te Jozafa; Legliz espiritiyèl, legliz chanèl.

45 Akab te yon kwayan nan limit fwontyè. Li te gen pwofèt. Yo pa t enfidèl. Yo pa t adoratè zidòl. Yo te pwofèt Izrayelit, men Akab wa a te anseye yo, te nouri yo epi te abiye yo tout. Sa te rive nan yon pwen kote yo te gen tout sipò politik la.

46 Jozafa te vini, te desann, te fè yon alyans, sa ki pa t bon.

47 Ou pa dwe janm asosye w avèk enkwayan. Nou pa dwe janm, nan okenn ka, janm mete non nou nan liv legliz ki pa kwè tout Levanjil la. Jamè! Ou va gen pwoblèm.

48 Epi yo te tonbe nan pwoblèm. E nonm jis sa di: “Èske nou pa ta dwe konsilte Seyè a an premye, pou chèche konnen si nou ta dwe al Ramòt nan peyi Galarad?”

49 Kounye a gade kijan plan an te sanble l pafè. “Se pou nou Ramòt nan peyi Galarad ye. Se posasyon nou, e Siryen yo te pran l nan men Bondye vivan an. Èske nou pa ta dwe ale epi posede peyi sa?” E li te rann diskou a tèlman bèl, epi tèlman legal, tèlman jis, ke Jozafa te sede pou sa.

50 E, jodi a, lèzòm ka kanpe sou chè a ak yon tèl diskou entelektyèl byen aranje, ak edikasyon, jiskaske yo ka eksplike epi minimize Pwisans Sentespri a nan Bib la. Yo ka minimize gerizon Divin. Yo ka eksplike pale an lang ak entèpretasyon, yo ka eksplike batèm Sentespri a, se pou yon lòt jou.

51 Men yon moun ke Bondye eli, yon nonm . . . “Brebri m yo konn Vwa M.” Ou gen eleksyon Bondye sou ou, sa p ap janm kite w bite.

52 Jozafa te di, wa jis sa te di: “Èske pa gen yon pwofèt, ke nou te ka konsilte Seyè a?” Akab t ap vanse san sa.

53 Se konsa legliz chanèl la ap fè jodi a. O, yo gen seminè plen ak predikatè, gwo zotobre, gwo pwofesè, entelektyèl, entèlijan, ki gen lespri, o, la la, pi lwen lontan pase entèlijans legliz nat-. . . la—la oswa, Legliz espiritiyèl la.

54 Nan epòk Noye yo, nan epòk sa yo, gade legliz natirèl la. Kisa yo te ye? Syantifik, moun k ap konstwi, moun entèlijan. Men eli yo, Enòk ak Noye, te bèje ak fèmeye, moun enb, yo pa t enstwi, yo pa t save, men yo te konn Bondye yo; yon bagay nan yo, t ap bouje, t ap fè apèl. N ap rive nan sa apre yon ti tan.

Bon, konsa Jozafa di: “Èske pa gen yon pwofèt?”

55 O, natirèlman, sa k chanèl la genyen yo. “Sètènman, nou genyen. Mwen gen yon seminè anba la, plen ak yo.”

56 Li te mennen katsan. Bon, sa yo pa t moun enfidèl. Yo te adoratè Jewova-Bondye. Yo te vini, epi yo te di: “Annou pran yon ti moman epi n ap pwofetize.” E konsa yo tout te rasanble ansanm. Epi yo te retounen ak “Pawòl Seyè a,” e yo te di: “ENSI DI SEYÈ A.” Pwofèt izrayelit. “ENSI DI SEYÈ A. Monte, Seyè a avèk ou. E ou va pran Ramòt nan peyi Galarad, paske se vrèman posesyon Izrayèl.” Epi youn nan mesye an chèf yo te fè de gwo kòn an fè pou li, antanke reprezantan, epi li te pati pou al frape. Li te di: “Avèk sa ou pral frape Izrayèl . . . epi oswa ou pral mete Siryen yo deyò Ramòt nan peyi Galarad.”

Men, Jozafa, te gen yon bagay nan li!

57 O, m espere ke Bondye ap fè sa desann nan kè w. Se pa anyen ou ka edike tèt ou sou li. Se pa anyen ou ka aprann nan fè lekti. Se sa Bondye, pa eleksyon, fè pou wou. “Se pa sila k ap kouri a oswa sila k ap montre- . . . Se Bondye ki fè mizerikòd.”

58 Jozafa te di: “Yo se dèzòm byen abiye.” Pa gen dout li te di yon bagay tankou sa: “Yo entèlijan, e se mesye ki pi entèlijan mwen te janm tande. Yo fòme pou moman an. Pozisyon yo se yon sèl akò. Yo te gen yon inite solid antre yo. Epi yo te entèlijan, e yo te gen anpil Verite nan yo.”

59 Tout erè gen Verite. Pi gwo manti ki te janm di a te gen katrevendis- . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] pousan Verite ladan l, manti Satan te bay Èv la.

60 “O, gen anpil Verite nan sa y ap di a, men èske pa gen yon lòt ankò?”

61 Ebyen, kisa w panse nonm sa te di? “Pandan ke nou gen katsan la, pami pi entèlijan, pi bon yo? Yo pa sòti la nan dezè a ap pwonmennen mwatye toutouni, ak po mouton vlope toutotou yo, oswa yon bagay konsa. Yo se gason ke mwen te nourri, moun mwen te fòme. Yo pa moun ki pa konn ABC yo. Yo se dè save, e yo konn bagay la. Yo rete, lajounen kou lannwit, ap li woulo ak pwofesi yo. Yo konn sa k kòrèk. Mwen prepare yo. Epi yo kanpe la ak yon sèl akò, katsan ladan yo, k ap di: ‘Monte, Seyè a avèk ou.’”

62 Men si m te ka li panse Jozafa pandan kèk minit, “Gen definitivman yon bagay ki pa nòmal,” li t ap di. “Gen yon bagay ki sanble l pa kòrèk. Èske pa gen sèlman youn an plis, yon kote?”

63 “O,” li te reponn, “wi, gen youn an plis, men li pa fè pati de òganizasyon an. Li se yon lòt kalite espès. Li se jis yon rebèl.” Li tankou Jakòb. “Men nou ka mande l. Yo di li se yon pwofèt. Men mwen doute de sa, paske li toujou ap ban m madichon, ap di *sesi, sela*, oswa se *lòtbò*, oswa li pa janm pwofetize bon bagay sou mwen.” Kijan l te ka fè l? Ou wè?

64 Alò yo di: “Ann al chache l. Li se pitit gason Imla a.” Alò yo t al pran l.

65 Epi yon moun te rankontre l sou wout la, te di: “Kounye a, w ap di menm bagay yo di a. Ou dwe dakò ak asosyasyon an. Si w pa fè sa, malè a oumenm!”

66 Li te reponn: “M ap di sèlman sa Bondye mete nan bouch mwen pou m di, e anyen lòt.”

67 Epi apre l te fin monte la, e yo te ba l yon nwit, li te di: “Monte, men mwen wè Izrayèl gaye tankou mouton ki pa gen bèje.”

Epi Akab te di: “Èske m pa t di w sa?”

68 Bon, te gen katsan kont youn. Katsan mesye ki te fòme, entèlijan, edike, entelektyèl kont yon ti inyoran, jan nou ta rele l la, Miche. Yon nonm, men poutan yon sèl nonm sa te gen Pawòl Seyè a, ki te fè diferans lan. Yo tout te an tò, sa te pwouve yo te an tò. Poukisa Miche te tèlman diferan? Èske l te dwe pòv, pou l te diferan? Non. Bagay la . . . Sa ki te rann Miche diferan, li te rete ak Pawòl la. Li te rete ak Pawòl Bondye a.

69 Kounye a sa te pwomèt ke, nan jou sa yo, “Bondye t ap devèse Lespri Li.” Danyèl te pwomèt sa, ke, “Moun yo, nan jou kote wòch la frape estati a nan pye a, moun ki konn Bondye yo va akonpli gwo bagay.” Pwofesi apre pwofesi! E tout semènè yo, mond lan, pa ka efase sa. Bondye pral fè l, kanmenm, e moun yo pral swiv sa. Ou wè? Chanèl la ak . . . Legliz natirèl ak legliz Sinatirèl la. Ou wè, Pawòl la fè diferans lan.

70 Se sa Jakòb te panse, “E kèlkeswa bagay la, mwen konnen m pap janm ka beni toutotan mwen pa met men sou dwadenès sa a. Dwadenès sa se sa m pral oblije mete men sou li a.”

71 Epi, poutan Ezaou te deteste sa, e pitit li yo fè menm bagay la, ankò, jouk jounen jodi a. Yo deteste sa. Se te toujou konsa.

72 Chak fwa gen yon revèy, sa toujou pwodwi jimo. Sa se yon remak ki brital, men se vre. Lè te gen yon nesans ki te fèt, apati de Izarak ak Rebeka, sa te pwodui jimo. Lè mond lan te kreye, li te pwodui jimo, de pyebwa. E lè Kayen ak Abèl te fèt, li te pwodui de. Lè Izmayèl ak Izarak te fèt, li te pwodui de. Epi lè Ezaou ak Jakòb te fèt, li te pwodui de. Youn nan yo, natirèl (youn nan yo, ki sou tè a); lòt la, Sinatirèl. Epi youn te konsidere kote natirèl, entelektyèl la; lòt la te mache ak Lespri. Sa te toujou konsa. Lè legliz Literyen an te vini . . .

73 Ann pran Pannkot, an premye. Gade nesans Pannkotis la. Li te pote yon gwo, revèy pwisan ki te baleye lemonn ke nou te konnen an, Pannkot. Sa pa t pran lontan apre Pannkot la ke menm Pòl te di: ke, “T ap gen moun ki va parèt nan mitan yo, ak bagay pèvèti, e ki pral elwaye moun yo de Bondye.” E se egzaktèman sa yo te fè. Sa te pwodui de.

74 Lè legliz Literyen an te pran nesans, Martin Luther te pote yon revèy esprityèl. Pa t pran anpil tan anvan Ezaou te vini, jis deyè l, epi òganize l. E sa te pwodui de.

<sup>75</sup> Alò apre sa, Metodis yo, John Wesley, te vini, yon revèy espirityèl. E apre sa, òganizasyon te vini, epi te òganize l. E sa te pwodui de.

<sup>76</sup> E apre sa, Lapannkot te vini, yon revèy. E kounye a yo te òganize l, e la yo tabli nan òganizasyon. E sa pwodui de.

<sup>77</sup> Men semans espirityèl Bondye vivan sa, menm si l dwe yon peleren, menm si l dwe yon pye poudre, li toujou lakoz separasyon. Ezaou pa t dire trè lontan avèk Jakòb. Osito ke Jakòb te jwenn dwa denès la (louwanj pou Bondye), sa te mande separasyon. E lè yon nonm . . . M pa bezwen konn de ki legliz ou fè pati, si l chanèl, ak asosye w ke w ap frekante, moun w ap jwe kat avèk yo, ak sosyete literati w yo, e latriye; lè w jwenn dwa denès la, bagay sa a ki nan fon kè w ki swaf Bondye, lè w resevwa sa, sa mande separasyon. “Soti nan mitan yo, epi rete separe, Bondye di.” Separasyon!

<sup>78</sup> Legliz la tabli. Ou wè, li pa ka kontinye. Ezaou te yon trè bon tip de kwayan chanèl jodi a, li pa t janm kapab venk mond lan. Li pa venk bagay lemonn yo. Yo toujou renmen fè gwo fèt yo, danse yo, fanm yo yomenm, renmen maniki yo epi, mete makiyaj nan figi yo, epi—epi koupe cheve yo epi—epi mete vyek ti rad kout sa yo; epi—epi mesye yo renmen soti al nan sal biya, epi—epi fimen sigarèt, epi bay ti blag sal; pou yo toujou fè pati de legliz. Yo pa janm ka venk bagay sa yo. Ezaou pa t kapab tou. Men poutan, pou l te relijye, li te oblije rete sou yon konsèpsyon entelektiyèl. Se menm bagay legliz la ap fè jodi a. “N ap vin yon òganizasyon. N ap mete tèt nou ansanm. N ap fòme yon klan, oswa yon klik, oswa yon bagay konsa.”

<sup>79</sup> E se konsa legliz la ap mache jodi a, espirityèl la ak chanèl la, toujou menm bagay la. Sa pa chanje, e sa p ap janm chanje.

<sup>80</sup> Sentete Bondye. Bondye, antanke Bondye, fè pwojè sa, Limenm. Si pa t gen yon pechè, pa t ap janm . . . Li pa t ap janm yon Sovè. Men Li te yon Sovè nan kòmansman an, kifè pa t gen anyen ki te pèdi. E Pwòp atribi pa L antanke Sovè, di te gen pwojè pou pechè, te dwe gen yon bagay ki pou sove. Anvan te ka gen anyen sove, te dwe gen yon bagay pèdi. Ak jistis Li ak sentete L! Si pa t janm gen yon—yon moun malad, Li pa t ap janm yon gerisè. Men depi nan kòmansman an, depi nan kòmansman yo, Li te egziste anvan kòmansman an. Li te yon gerisè. Kidonk pa t gen anyen malad, kifè sa te gen pwojè pou moun malad, pou L te ka geri yo, pou fè L tounen yon gerisè.

<sup>81</sup> Apati de menm Domèn Sen sa laba a kote sali te soti, se kote malediksyon te vini. Apati de menm manman ak papa ki te bay Jakòb la, ki te bay Ezaou a. Ou wè? Se Bondye. Li pa ka chanje plan Li. Yo oblije ale menm jan an. Tout nati a ap tonbe dakò avè l. Sa oblije. Ou sezi sa m vle di a? Ap tonbe dakò. Fòk gen yon moun pèdi, ki dwe sove. E si pa t ap genyen, Li, Li menm . . . Limenm antanke Sovè te fè sa. Pwofondè k ap rele Pwofondè.

<sup>82</sup> Tankou ti gason ke m toujou ap pale de li a, ki t ap manje gonm ki sot nan kreyon, ak pedal bisiklèt la, kò l te bezwen souf. E toutotan te gen yon bagay nan li ki te anvi souf, souf te dwe egziste, yon kote, dabò. Te dwe gen souf anvan l te gen anvi a. Epi la, souf la, te pwojte nan li, alò li te retounen al jwenn souf la.

<sup>83</sup> Se fason sa Bondye se yon Sovè. E te dwe gen yon bagay ki te pèdi, pou L te sove, pou L te ka yon Sovè. Se tout sa sa fè, se eksprime Bondye. Tout bagay, tout nèt nan Li; pa nan yon predikatè, pa nan yon legliz, pa nan yon òganizasyon, men nan Bondye, pou ke eleksyon an te ka pafè. Ou wè? Sa nan Li. Ya. Literen yo . . .

<sup>84</sup> Epi la nou wè yon lòt separasyon, se te Abraham ak Lòt. Yo te frè. Men Lòt te gen yon pansè chanèl. Li te toujou dèyè kèk gwo bagay, yon bagay ki gen anpil dekorasyon sou li. Jis tankou yon makak, jan m ta di, toujou ap chèche bagay klere. Lespri sa pa kite moun yo, jodi a. Y ap chache jwenn . . . Y al nan vil la, yo p ap vin nan yon ti mazi konsa. Ou wè? Yo vle pi gwo legliz ki genyen nan vil la, pastè ki pi entelektyèl la, kote moun ki pi byen abiye yo ale, kote majistra a ale, nan vil la. Se toujou lespri Ezaou sa. Yo te reyèlman gen dwa denès la, pou kòmanse, ap rele tèt yo Legliz, men yo pèdi l paske yo meprize l. Ou pa ka fè moun sa yo desann sou jenou yo, pou ap kriye epi sipliyè Bondye, epi soti pou fè sèvis gerizon, pou sipòte pèsekisyon mond lan, resevwa Sentespri a. E yo—yo p ap fè sa. Yo meprize l. Yo rele l “yon bann sen ki eksite.” Egzakteman sa Bib la di yo t ap fè a. Yo fè l paske se nati yo. Se nati a. Tankou kaw la ak kolonb lan, de nati. Yo swaf pou sa paske se sa yo ye. Yo p ap janm, janm, wè lòt la, paske yo pa t ne pou wè sa.

<sup>85</sup> E lòt la limenm, ou pa ka kenbe l lwen sa, paske se eleksyon Bondye. Li ne pou l vin yon nonm espirityèl oswa yon fanm espirityèl. Gen yon bagay nan li ki mande sa. O, mwen—mwen espere ke sa rive nan yon pwèn kote nou ka, ou ka wè sa mwen—mwen vle di a, pandan m ap fini sijè sa la. Bon Abraham . . .

<sup>86</sup> Sonje, osi lontan yo te asosye yo ansanm, legliz natirèl la ak Legliz espirityèl la, yo pa t janm jwenn benediksyon an. Jakòb pa t janm beni jouk li te separe tèt li de Ezaou. E Abraham pa t janm beni jouk li te separe tèt li de Lòt.

<sup>87</sup> Lòt te gen pwòp ti reyinyon priyè l nan legliz li anba la, t ap anseye pitit gason ak pitit fi l yo, ak moun sa yo. Men li te viv yon tèl vi, jouk, lè l te kòmanse ap pale de fen tan an, yo te ri l.

<sup>88</sup> Menm bagay la jodi a! W ap pale de gerizon Divin ak pwisans Bondye, e latriye, yo ri sa. Se menm lespri a. Sa se de gran espri yo, nan domèn relijyon, ki mete men sou mond lan; kwayan an ak enkwayan an, kwayan an ak swadizan-kwayan an, youn k ap imite lòt la. Kounye a lè Abraham te separe tèt li . . .

<sup>89</sup> Èske w te remake? Jezi, lè L ap pale de Vini an, dezyèm Vini an, Li di: “Menm jan l te ye nan epòk Noye a, yo va ap manje, bwè, marye, epi marye timoun yo.” Men lè L te pale de epòk Lòt la, Li pa t janm di anyen sou sa. “Menm jan ak epòk Lòt la,” nou dwe gen revelasyon an.

<sup>90</sup> Gade sa k te rive nan epòk Lòt la. Te gen Lòt anba la nan Sodòm, ki te byen chita, sou plan entelektyèl, ki te vin youn nan gwo chabrak nan vil la, jij la, ki chita nan pòtay yo pou ap jije moun yo. Madanm li te fè pati de tout sosyete ki te genyen nan vil la. Epi pitit fi l yo, ak yo tout, te marye pami selebrite yo, entelektyèl, trè edike, entelijan, ki gen anpil lespri. E Abraham te rete nan yon tant anba yon pye bwatchèn. Men yon jou yo toulède te resevwa yon vizit.

<sup>91</sup> E te gen yon predikatè entelektyèl ki te desann epi li te preche, e li te rele moun yo soti. Gade—gade mesaj la, “Soti,” li te di Lòt.

<sup>92</sup> E yo pa t ap janm rele yo soti si se pa t mizerikòd Abraham. Ki te di: “Si m ka jwenn senkant moun, èske W ap fè pa l? Èske M ka jwenn trant moun? Èske m ka . . . Si m jwenn dis?” Sa se pi lwen ke l te ka ale. E Li pa t ka menm jwenn dis pami yo.

<sup>93</sup> Se pa etonan, “Menm jan l te ye nan epòk Noye a.” Sonje, Noye pa t tip Legliz la; Se te Enòk, li pa t pase atravè tribilasyon an, men li te anlve anvan tribilasyon an te kòmanse. Enòk t al Lakay, li pa t pase atravè tribilasyon an. Noye te travèse l.

<sup>94</sup> Kounye a, siveye byen kounye a pandan n ap avanse nan sa. Obsève ki jan de siy Abraham ak fanmi l te genyen. Yo te gen Sinatirèl la. “Abraham!” Kijan L te fè konnen li te rele Abraham? “Kote madanm ou, Sarah?” Kijan L te fè konnen li te marye, oswa li te gen yon madanm, Sarah?

“Li anba tant lan.”

<sup>95</sup> Kounye a, yon Nonm ki chita la, ap manje vyann, bwè lèt, epi ap manje pen mayi, “Kote madanm ou, Sarah?” Kijan L te fè konnen bagay sa? Kijan Li te konn sa? Reflechki sou sa. Nou rele . . . Noumenm moun espiritiyèl, kite sa antre nan nou. Kijan L te fè konn sa, alòske Li t ap aji tankou yon etranje, ak pousyè sou rad Li?

E lè Abraham te di: “Li anba tant lan, ki dèyè do W la.”

<sup>96</sup> Li te replike: “Mwen pral . . .” “Mwen, Mwen,” yon pwonon pèsonèl. “Mwen,” Nonm sa a, Bondye ki t ap fè konnen tèt Li nan lachè. Bondye! Abraham te rele L Elohim. “Mwen, Mwen pral vizite w. Mwen pral kenbe pwomès Mwen an. E dapre tan lavi a, M pral vizite w, e ou pral gen ti gason sa ke m te pale w la.” E Abraham, te gen santan; Sarah, katrevendizan.

<sup>97</sup> Epi Sarah, byen lwen dèyè a anba tant lan; te gen anviwon kat ti tant, tant prensipal la te plase an aryè. Dèyè rido yo, manzè t ap koute. Li te tande sa. Epi nan kè l li te ri, te di: “Mwen

menm, yon vye granmoun santan, epi seyè m,” mari li, “seyè m lan, granmoun, pou ap panse ke nou ta gen plezi ansanm ankò, tankou jèn marye? O, kijan sa ta ka fè fèt?” E li te on jan ap ri.

<sup>98</sup> Li te gen do L tounen bay tant lan. Li di: “Poukisa manzè te ri a?” O, frè, men li!

<sup>99</sup> Gade legliz chanèl la ke yo t ap preche Levanjil ba yo. Yon Billy Graham modèn ak lòt yo anba a k ap preche Levanjil: “Soti la a!” Men èske yo te soti? Non. Trè, trè, trè piti.

<sup>100</sup> Obsève gwoup Abraham lan, sa yo te rele soti yo. Kounye a remake. Epi Li te ba l siy sa, e li te kwè L. Epi Li te disparèt devan l, epi Li t al fè wout li. O, ala sa te toujou separasyon an, rele yo pou yo soti!

<sup>101</sup> Kounye a, de lespri sa yo. Pou m fè vit avèk nou, pou m fè vit kounye a pou m rive nan plas kote m vle nou wè a. De gwoup sa yo te asosye ansanm, desann nèt atravè aj yo, depi menm nan kòmansman tan an, legliz natirèl la, Legliz espiritiyèl la. Yo te pase atravè Ansyen Testaman an, yo te la atravè Nouvo Testaman an, e yo toujou la jodi a.

<sup>102</sup> Kounye a, apeprè de mil an de sa, li te atenn somè li, e li te abouti nan de zòm: youn nan yo, Jezikri; lòt la, Jida Iskaryòt. Bon, Jezi te refere a Vini an, dezyèm Vini L lan, ke de lespri sa yo t ap diferan anpil de sa yo te ye laba a. Kounye a men kote m vle w mete rad Laglwa w—ou. De lespri sa yo pral diferan. Paske, Satan te vini e l te viv nan yon nonm ki te yon manm legliz, Jida Iskaryòt, li te viv nan legliz chanèl la, e li te yon zanmi legliz tout tan sa. Men li te antre e—e li te twonpe, oswa te panse li t ap twonpe frè l. Li te antre e li te pretann ke li se youn nan yo; li te goute bon bagay Bondye yo, li te vance nan Lespri a, te bay enpresyon an, li te soti epi li te preche Levanjil, epi te chase demon. Men anndan l, tout tan sa, li te Jida, pou kòmanse. Bib la di: “Li te ne pitit pèdisyon.”

<sup>103</sup> Kounye a sonje, gen legliz chanèl dèyè a la, Ezaou, Farizyen yo ak Sadiseyen yo.

<sup>104</sup> Men gade endividi sa ki panse li se jis yon . . . L ap swiv Mesaj la pou yon ti tan, men li jis pa vle mete men l twòp ladan L. Ou wè espri yo? Jezi te di: “Sa ap tèlman pwòch de bagay reyèl la, l ap sedui menm Eli a,” Eli a, si w remake sa, “si sa te posib.” Men sa pa posib. Ou wè, sa t ap sedui.

<sup>105</sup> Kounye a obsève, pa jis legliz chanèl la, sila ki deyò la, legliz chanèl regilye a, gwoup Ezaou a.

<sup>106</sup> Kounye a nou gen gwoup tankou Jida yo, ki menm pi trèt, pi trèt depase, k ap rapwoche toupre sous benediksyon an menm. Jis tankou nan Ebre 6 ak 10, jan l di a: “Sa yo ki te patisipe yon fwa e ki te goute pwisans mond k ap vini an, e ki te fè tout bagay sa yo; si . . . e apres sa si yo te resevwa konesans Verite a, epi yo te volontèman vire do bay Bondye.” “volontèman,” kisa sa ye?

“Konsidere San alyans lan, san ki te sèvi pou sanktifye yo a, kòm yon bagay ki pa sen.”

<sup>107</sup> Kite m ba w yon egzanp. Men li. Men yon nonm, li se yon bon kanmarad, yon bon ti gason. Li gen yon apèl, li santi sou kè l ke l vle vin yon minis. Trè byen, li aksepte Jezi kòm Sovè pèsònèl. Li se yon bon ti gason, pèsonn pa ka di anyen kont li. Apre yon ti tan, sijè sanktifikasyon an. Nonm lan gen konvwatiz lè l ap gade fanm yo. Li. . . Sa nan li. Ou wè? Epi, apres, pwochen bagay la, petèt li te konn fimen, e li vle fimen. Petèt li vle jwe aza. Petèt li vle fè kèk move bagay. Li konnen li pa ta dwe fè sa, kifè li di: “O Bondye, aplike San Jezi a sou mwen, epi sanktifye m.”

<sup>108</sup> E li vin sanktifye. Li ka rele, louwe Seyè a, fè kèk bagay, tou, soti al fè kichòy. Sonje, Jezi te di tip sa a t ap la nan jou sa. “Anpil va vini pou di: ‘Seyè, eske m pa t pwofetize, pa t preche? Eske m pa t chase demon, nan Non W?’” Jezi te di: “Mwen pa t menm konnen w, noumenm ouvriye inikite.” Ou wè, men yo.

<sup>109</sup> Bon gade sa kounye a. N ap rive nan san milyonyèm branch cheve a, nan pwèn kote ki pi file nan Levanjil la, “Pi file pase yon epe de bò, ki koupe jouk nan jwenti zo a, epi Li disène!” Alelouya! Bondye, kite sa penetre. “Yon Moun k ap disène panse ki nan lespri.” Sa se Levanjil, Pwisans Bondye a. Pawòl Bondye a ki manifeste se Levanjil la.

Ou di: “Bib la di. Sa se—sa se Pawòl Bondye.”

<sup>110</sup> Ebyen, Pawòl la manifeste se Levanjil la. Levanjil la pa vin jwenn nou ak Pawòl sèlman, men atravè pwisans ak demonstrasyon Sentespri a, pou demontre Pwisans lan, rann Levanjil la vivan.

<sup>111</sup> Lè m te al nan peyi Lend, achèvek legliz Metodis la—la te soti, te di: “Mesye. Branham, nou pa vle konn anyen de misyonè. Nou konn plis bagay sou Bib la ke pase nou tout ap janm konnen.” Te di: “Nou te yon legliz, e nou te etabli isi a de mil an avan nou te yon nasyon.” Se vre. Men l te di: “Nou tandè ke Bondye vizite w e te ba w yon don ki ka rann Bib sa vivan.” Te di: “Se sa ki enterese nou.” O, la la! Ou wè, nonm sa te yon pitit, pa yon pitit pitit, jan David konn di a. Ou wè? “Nou vle konnen. Eske se vre?”

<sup>112</sup> Mwen te reponn: “Sètènman, se vre. ‘Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.’”

<sup>113</sup> Kounye a, li te fè remake, legliz natirèl la ap pèsèkrite Legliz esprityèl la. Kounye a, nou jwenn la ke Jida te pretann li se yon frè, yon frè, epi apres li te pwogrese epi finalman li te atenn yon somè.

<sup>114</sup> Kounye a obsève jenn predikatè sa. Li te rive nan yon pwèn kote, li di: “Seyè, m t ap gade fanm yo. Mwen pa ta dwe fè sa. Mwen te, ou konnen, on jan ap fè bagay lemonn. Mwen pa ta dwe fè sa. Mwen te depanse lajan m nan kous cheval. Mwen—mwen pa ta dwe fè sa. Mwen—mwen te konn al nan sinema chak

swa. Mwen pa ta dwe fè sa. Mwen renmen menm foto vilgè ak bagay konsa, mwen gen afich fanm endesan nan chanm mwen an. Mwen pa ta dwe fè sa. Sa se bagay lemonn. Sanktifye m, Seyè!”

115 E Seyè a te di: “Trè byen, M ap fè sa.” Li te aplike San Jezikri a epi te sanktifye l.

116 Alò, lè l fin fè sa, yon jou swa li t ap pase epi li te tande yon bagay. Li t al la pou l koute. Li te tande pale de batèm Sentespri a, ranplisaj ak Espri a. Apresa li te gade l pi pre: “O la la, èske sa pa mèveye! Men, te di, sa t ap fini ak ministè m lan si m ta preche sa. Sa t ap fè manman mete m deyò nan kay la. Yo t ap mete m deyò nan legliz mwen an si jamè m te antre nan sa. Ô, pito m elwaye m de sa. Men kite m byen gade l. Wi, sa se Verite a, Bib la.”

117 Ebyen, tankou yon minis popilè, ke lemonn antye konnen, yo te jwenn li dènyèman (gras a yon nonm ki te avè m Pòto Riko) sou jenou l, ap pale an lang, nan Lond, Angletè; yon nonm pwisan, youn nan pi gran evanjelis nan mond lan jodi a. E nonm sa, frè l avèk mwen isi a, yon nonm ranpli ak Lespri, te kouri al kote l pou di: “O, frè, se sa!”

118 Li te di: “Mwen konn sa. Mwen konn sa. Men, gade, kite m di w yon bagay.”

119 Li te di: “Preche l kounye a. Preche l. Sa se moman an. Ak enfliyan ou, ou ka sekwe mond lan.”

120 Li te di: “Non, m pa ka preche l. Ou wè, legliz la—la t ap rejte m. Mwen p ap ka preche sa. M p ap ka fè l.” O, frè!

121 “Nou te rek- . . . yon fwa w fin sanktifye epi w rive resevwa konesans Verite a, gade byen ladan L, wè ke Se vre; apresa yo vire do yo, piske yo krisifye pou tèt pa yo Pitit Bondye a, epi ekspoze L nan yon wont an piblik, yo wont Levanjil la.”

122 Pòl di: “Mwen pa wont Levanjil Jezikri a, paske Li se Pwisans Bondye pou sali.” Se Pwisans Bondye k ap travay nan mitan Legliz Li.

123 Men yo deklare: “M pa t ap ka fè sa.” Nonm sa te di: “Y ap pran m pou pannkotis. Yo t ap rann mwen. . .” Li te di: “Repitasyon mwen—mwen t ap fini.” O, frè!

124 Mwen pa gen okenn repitasyon. M ap panse a repitasyon pa L. Repitasyon Li, se sa k Bagay la.

125 Men gade kijan yo ka pwòch Sa, ou konnen, “Epi konsidere San alyans ke li te sanktifye avè l la, yon bagay ki te sanktifye l epi ki te fè l soti nan mond lan, e ki te eseye fè l antre La a. Epi apresa li gade L, e li gen konesans sou Sa. Pou vire do ba Li, pa gen okenn sakrifis ankò ki rete pou peche,” Bib la di, “men yon atant tèrib jijman an ak endiyasyon ta, va, ki va devore advèsè a. ‘Paske se mwen menm ki pou tire revanj,’ Seyè a di. Sila ki te meprize lwa Moyiz la, te mouri san pitye, ak depozisyon de ou twa temwen. Ala pinisyon an va pi plis, ak yon pinisyon pi grav,

menm si l diy, yon minis ki te pile San Jezikri a anba pye l, apre l te fin resevwa konesans Verite a, epi konsidere L kòm yon bagay ki pa sen.” Fyouw!

<sup>126</sup> Ou wè ki kote nou ye? Jezi di: “Fè atansyon.” Ou wè pozisyon Jida te ye? Li te drèt avèk yo. Li te Ezaou, ki te vin pi mal pou aj sa. Li te sediktè a, imitatè a, ki te vin pi mal pou aj sa. Men li ki te rive toupre, ankò, yon frè Jezi, yon swadizan frè. Men nan kè l, li te avèk vye legliz chanèl la tout tan sa, paske se la li te vann Jezi. Li te vann Jezi, dwadenès li, menm jan Ezaou te fè pou yon plat manje. Li te vann dwadenès li pou trant pyès an ajan.

<sup>127</sup> Anpil gason ak fanm jodi a te vann dwadenès esprityèl yo pou kèk popilarite, kèk ti bagay nan mond lan ke w pa t janm venk; kèk ti, fanm, ki mete makijaj e ki koupe cheve nan tèt yo, ki mete rad kout; mesye yo, pou ti blag sal ak fimen sigarèt, pou yon bagay nan mond lan. “Si w renmen lemonn oswa bagay nan mond lan, lanmou Bondye pa nan ou,” Bib la di.

<sup>128</sup> Mwen pa vle fè w mal, men nou rive jouk nan fen an. N ap monte kounye a, n ap monte nechèl la byen vit kounye a.

<sup>129</sup> Ou wè kijan sa ye? Yo fè l. Yo predestine. Yo ka imite e yo trè dou epi enb, jis osi pwòch, tankou Kreyen, tèlman pwòch ke yo ta ka twonpe menm Eli yo; men pa fwi yo ou va rekonèt yo.

<sup>130</sup> Yon fanm ak chòt sou li, pa t janm sanble ak yon Kreyen, pou mwen. Bib la di: “Se yon peche epi yon wont pou yon fanm koupe cheve l.” Se yon sèl fanm nan Bib la ki te janm makiye figi l, se te Jezabèl.

<sup>131</sup> E mesye yo, nou menm mesye ki sipoze dèzòm Kreyen, ki kite madanm nou fè sa? Ebyen, Bondye va rann nou responsab pou sa! Se pa yon nonm! Yo chanèl! “O, m pral la epi m ap fè m manm legliz sa.” [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] “. . . reflechi sou sa.” Se egzaktman sa Lekriti te di yo t ap fè, e se egzaktman sa yo te fè. E se sa yo pral fè, fè konpwomi!

<sup>132</sup> Yon moun te di: “Billy, si w pa sispann sa, w ap fè tout moun kouri ale.”

<sup>133</sup> Gen yon sèl Bagay ki p ap ale, Sentespri a, paske Se Pawòl Li. E vrè kwayan predestine a pa prale, paske Se Manje pou nanm li. Li renmen Sa. Anyen pa ka elwaye l de Li. L ap fè nenpòt bagay, tankou Jakòb, men li vle dwadenès sa a. L ap kanpe la. M pa fè ka si sa koute l tout zanmi l genyen, si sa koute l travay li, si sa koute l asosyasyon ak legliz li, si sa koute l tout bagay. L ap toujou kenbe l, paske li pa ka anpeche tèt li. Gen yon bagay nan li, k ap fè l aji, pwofondè k ap rele Pwofondè. O, men li, gen yon bagay nan li!

<sup>134</sup> Gade, tout sa w vle jwenn nan Bib la, epi pran l la, retounen nan Jenèz pou wè kote sa te kòmanse, wè ki kote l ap abouti. Tout espri yo ak mouvman jodi a soti nan Jenèz. Se sa nou te fè, pou pwouve nou bagay sa yo n ap gade yo, zanmi. Pa bliye sa. Pa kite

l pase anlè tèt ou. Kite l antre nan ou. Sa se bagay Bondye yo. Sa te atenn yon nivo; e Jezi te predi sa ta pral rive nan yon nivo ankò nan dènye jou yo, e sa ta pral rive ak sa a: So Bondye a, epi mak bèt la; de pwisans espiyèl k ap opere an menm tan.

<sup>135</sup> Bon, tout moun konnen ke So Bondye a se dwadenès la, batèm Sentespri a. Efezyen 4:30, di: “Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, avèk li ke nou sele jouk jou redanmsyon nou an.” Lè yo te ne de nouvo, yo te ranpli ak Sentespri. Sentespri a se nouvèl Nesans lan, nou konn sa. Ou se—ou te yon pwodui Lespri, m ap admèt sa. Men jiskaske w ne!

<sup>136</sup> Men yon ti bebe ki t ap pwodui nan vant manman l, li gen yon sèl jan de vi. Sa se lavi, e ti . . . ti selil nan kò l yo ap tòde epi bay kout pye epi sote *konsa*. Men lè l fèt, li gen yon . . . [Frè Branham bat men l yo—Editè a.] konsa, e apres a li rele, li vin yon nanm vivan.

<sup>137</sup> E yon ti bebe ka al legliz epi di: “O, mwen kwè nan legliz. Mwen—mwen prale, m ap fè *sesi*. E mwen se yon bon . . . Mwen vle fè sa ki byen, mwen vle aji byen.” Men sa li bezwen se yon tap Levanjil la pou reveye l, pou l kriye pou Lavi Etènèl; epi Sentespri a ap rele nan li, tankou L pa t janm rele byen fò anvan. Lè sa se yon nouvo kreyati, li ne de Lespri. Alò li kòmanse grandi, bouje, epi vin nan Bondye; ou wè, jis tankou yon ti bebe, yon ti bebe natirèl, ki vin egziste nan mond lan.

<sup>138</sup> Alò si tabènak sou tè a detwi, nou gen youn k ap tann nou, ou wè. Jis osi sèten ke kò natirèl la t ap soti a, gen yon kò espiyèl pou resevwa l osito ke l soti nan manman l. E lè l soti nan manman an, tè a, ki se, li nan vant li kounye a, l ap jemi, kriye, (O Bondye!), ap jemi, anba doulè, ap vyeyi, tonbe malad, ak tout bagay k ap anvayi l, epi lespri ki anndan l ap chache yon peyi pi lwen rivyè a. L ap jemi, tòde, sote, (wi, mesye) paske gen yon vi anndan la k ap viv pou tout tan. Li nan yon kò ki gen pou l mouri. E pafwa, menm jan yon manman te delivre ti bebe natirèl la, epi kò espiyèl la te resevwa l la; tè a va delivre l, e kò natirèl la va tonbe, epi kò fizik la . . . oswa kò selès la va sezi l laba a. Si tabènak terès sa detwi, nou gen youn k ap tann nou. Se pou rezon sa a ou bliye bagay mond lan. Yo mouri, pou wou. Men Lespri a.

Kounye a siveye sa pandan n ap avanse kounye a, de espri yo.

<sup>139</sup> Sentespri a se nouvèl Nesans lan, nou konn sa. Li ne de nouvo, ak Lespri Bondye. Se konsa w ne, ak Lespri. Ne ak Lespri, sa se nouvèl Nesans lan. Dakò. Lespri te pwodui w; apres a lè w ne ak Lespri, ou ranpli ak Sentespri a. Dakò.

<sup>140</sup> Alò lè de sa yo sou tè a, natirèl ak espiyèl la, pafwa . . . Mwen konn wè sa. Kounye a pou fini, m vle fini kounye a, ap di sa pandan kèk minit. Lan natirèl oswa nan espiyèl, youn ou lòt. . . Bon m espere ke tout moun sezi sa. Kounye a rete osi trankil ak otan respè posib.

141 Bon, èske w te janm wè sa? Ou wè nan legliz nou yo jodi a, menm nan gwoup kote nou te separe tèt nou pou fè òganizasyon; nou te wè tout bagay sa yo. Epi nou wè yon nonm pran yon sèten Ekriti, epi, frè, nonm sa ka pran Ekriti sa epi fè l reviv ankò, fè l viv jis egzakteman jan sa te pwomèt la nan Bib la. Epi nonm apre a va wè l ap fè sa, e li va vini pou eseye fè l, epi echwe. M espere nou konprann la a. L ap echwe. Poukisa? Ekriti a pa enspire pou li. Li sèlman ap eseye imite. L ap eseye aji tankou yon bagay. Li pa t . . . Ebyen, petèt se yon moun ki te voye l. Petèt yon moun te di l: “Ebyen, ou ka fè menm bagay la.” Ou wè, jis tankou Jezi te di li t ap ye fason sa a. Bib la predi sa nan dènnye jou yo: “Kòm Janès ak Janbrès te kenbe tèt ak Moyiz.”

142 Men Moyiz ki te kanpe la, epi men Janbrès ki te kanpe la. Moyiz te jete baton l lan, ki te tounen yon sèpan. “Enben,” Farawon te di, “vin isit, Janbrès, ou ka fè menm bagay la.” E li te fè l, ou wè. Men kisa k te rive? Alò baton Moyiz la te devore baton pa l la. Ou wè, sa te manifeste. Ki kote baton l lan te ye?

143 Jis menm jan ak pèsepsyon sansoryèl. Se tankou kèk nan espiritis sa yo. Se tankou kèk nan legliz sa yo ki kwè yon fason chanèl sa, nèt ale. Bagay nan . . . Yo di: “Enben, se te pou yon lòt jou.” Yo tout nèt ansanm. Men siveye espri sa nan dènnye jou yo k ap imite vrè Espri a. Ou wè? Men kote pwoblèm ou ap vini. Jis egzakteman tankou sa ki reyèl la, ou wè; men li pa t ka manifeste l, li pa t ka fè l kenbe, li pa t ka fè l dire. O Bondye!

144 Moun yo vini epi yo di: “Mwen gen Sentespri, tou.” Gade fason y ap viv; li pa dire de yon revèy a yon lòt, de yon reyinyon a yon lòt. Sa te manifeste, yo pa t genyen l. Si yon nonm ne ak Lespri Bondye, oswa yon fanm, yo gen fwi Lespri yo. Yo mache tankou Bondye. Y ap viv lavi sa. Ou wè? Yo rete lwen bagay mond lan. Bondye ap aji nan yo pou manifeste Tèt pa L, epi pwouve ke L se Bondye k ap aji anndan la. Lòt la ap imite. Ou wè?

145 Imitasyon, se sa ki te la depi lontan, imitasyon. Gade Izmayèl, ak Izarak; e depi tout tan, ou wè, imitasyon. Gade pwofèt Moyiz, epi gade pwofèt Balaram. Ou wè? Gade jan sa te abouti! Gade Jida, epi gade Jezi.

146 Jezi predi ke Sentespri sa, nan dènnye jou yo, t ap So Bondye a. Alò, kisa mak bèt la t ap ye? Se t ap rejte So Bondye a. Paske, tout sa ki pa t gen So Bondye a te gen mak bèt la. E si se de mak espirityèl, youn ladan yo va yon vrè mak Bondye, lòt la va apostazi. Èske w ka wè l?

147 Gade mak la nan Ansyen Testaman an. Lè twonpèt la t ap sonnen, jibile a, chak tan kantite lane, esklav yo—yo te lib paske twonpèt la te sonnen. Ebyen, tout moun ki te vle lib, te ka ale. Men kèk nan yo, yo te renmen rete esklav, kifè yo te mennen yo sou lotèl la nan poto legliz la, epi yo te pèse zòrèy yo ak yon biren. E yo te make pou tout tan, yo te toujou sèvi mèt sa.

148 E jodi a ou va tandè yon mesaj Levanjil sou Verite a, “Kounye a ou ka lib si w vle,” Bondye ap pale avè w. Men lè w rive sou fwontyè sa la pou ap gade, epi ou gen yon konesans Verite a, epi apres a vire do w, li pèse zòrèy ou e w ap toujou yon kwayan entelektyèl. W ap relijiye epi al legliz, men ou p ap janm resevwa Sentespri a. Ou wè, alò w ap sèvi sa pou rès vi w. Bon, mak bèt la, oswa So Bondye a. N ap vin tèlman pwòch.

149 Kounye a, gade, Pawòl la dwe enspire: tandè L, rekonèt Li, epi aji dapre Li. Anpil moun va tandè, men yo p ap rekonèt Li.

Bondye va di: “Sa se lè pa w.”

150 “Mwen pa vle tounen yon sen ki eksite. Mwen—mwen pa vle anyen nan Sa.” Ou wè, yo pa rekonèt Li.

151 Nou va ale nan reyinyon, gran Sentespri a va desann. Mwen te chita la lòt jou, lè yon vizyon te vini pou predi egzaktman sa. Mwen te di: “Men yon jèn gason k ap vini.” “Vin isit,” m te fè sèvant restoran sa siy, “ou gen pwoblèm kè epi w ap chache . . .”

“Ya. Se egzaktman sa.”

152 “Te wè fanm sa k ap vini la?” “Vin isit. Ou gen timè sou tete a, e li sou tete gòch la, epi ou nan yon trè movè kondisyon. E ou se yon pechè e ou pa . . .”

“Egzaktman sa.”

153 Mesye sa yo ki te chita la, t ap gade toutotou, predikatè ak tout lòt yo, te di: “en-hen!” Al nan yon reyinyon, obsève Sentespri a soti drèt nan reyinyon an pou ap di sekre kè yo, bagay konsa. Ap di: “Se mèveye. Mwen sipoze. Ya.” Ou wè? O, frè! Ou wè? Se—se—se lòt bò a, gen yon bagay ki te rive. Fanm yo ap kontinye pi rèd, ap fè menm bagay la. Lèzòm va retounen toudwat, tankou yon kochon nan twou li epi yon chen nan vomi li, jis menm jan an. Èske w pa wè? Kounye a m ap pale ak en- . . . a . . .

154 Ou wè, ou dwe reyalize la, zanmi, nan ki kondisyon w ye. Se poutèt rezon sa kasèt sa a, mwen di: “Pou legliz sèlman.” Ou wè? “Legliz la sèlman.” Si yo te rele w soti nan limyè . . . soti nan fènwa al nan Limyè, soti nan lanmò al nan Lavi; soti nan yon konsepsyon fòmèl, entelektyèl de Kris, pou rive nan yon eksperyans ne de nouvo; pou ap siveye vi w, pou l mete bagay mond lan de kote, epi pran pozisyon pou Kris, pe enpòt; epi yon bagay rive. Ou wè? Gen yon bagay nan ou, ki grangou e ki ap aji, tankou Jakòb. Ou wè, w ap lite ak Seyè a, w ap mache diferan apres a. Yon bagay diferan nan ou, ou chanje.

155 Bon, sa la, anvan l ka fèt, sa dwe enspire w. M pa fè ka, m te ka kanpe la ap preche jiskaske m gen . . . ti cheve ki rete yo tonbe, jouk zepòl mwen yo desann e ke m gen katrevendizan, epi w ap tandè m chak jou; toutotan Bondye pa vivifye sa pou ou, ou toujou nan menm eta a.

156 Sa fè de jou m t ap etidye epi priye sou sa. Ou wè? Mwen di: “Seyè, èske m ta dwe di legliz la sa?”

157 Yon bagay te di: “Di l. Lè a rive. Di l.” Mwen santi Li pral rale m apa trè byento, alò mwen—mwen vle nou konn sa.

158 “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen,” Jezi te di, “si Papa M pa atire l an premye. O, mwen konnen ou di ou gen Bondye ak Abraham, pou papa w; men mwen di nou sa, nou se. . . papa nou dyab la,” Jezi te di. Mesye relijye yo, prèt, ak gwo chabrak, “Nou se pitit dyab la, papa nou.” Ou wè? Remake, fwi Lespri yo.

159 Kounye a, ou wè, sa dwe vivifye pou ou.

160 M pa t ka imajine Noye k ap di: “Ou konn yon bagay? Lapli ka byen tonbe youn nan jou sa yo, alò m ap jis soti pou bati yon lach. Si lapli tonbe, ebyen, m ap antre nan lach la epi m ap deplase touswit. E anyen p ap deranje m, paske m pral antre nan lach la epi m ap elwaye m.” Èske w ka imajine w? Non. Non. Se pa t sa. Si se te sa. . . O, ke Eli a tande l kounye a. Si se te sa l te ye, premye mokè a te vini, jan Bib la di te genyen an, yo t ap pase l nan betiz, li t ap depoze mato l atè epi al fè wout li.

161 Tankou lèzòm fè jodi a, sa kòmanse ak Jezi; e lè yo gade pou wè Verite a, yo fè bak sou Li. Yo pa ka sipòte L.

162 Tankou evanjelis remakab sa a te di: “Sa ap—sa ap detwi ministè m.” M pa fè ka de yon ministè ke Sentespri a ap detwi. Li dwe detwi. Bon, men, ou wè, se lògèy, gen sitèlman moun, anpil moun. O, remake ki nan sa kounye a.

163 Noye te deyò nan chan an, e li te tande, e li te rekonèt, e li te aji. Kèlkeswa kantite mokè ki te vini, li te konstwi touswit.

“Noye, ou se yon sen ki eksite.”

164 “Sa pa deranje m ditou.” Kontinye ap bati! Li te tande. Li te rekonèt ke se Bondye, li te jije l dapre Lèzekriti, e se te sa. Li te bati touswit lach la, pe enpòt.

165 Èske w ka imajine, èske w ka janm imajine sa, ke Moyiz, sou wout li pou peyi Lejip, te soti yon jou pou di Sefora, madanm li: “Sefora, ou konn yon bagay? Mwen te amelyore gramè m. Mwen te amelyore yon ti kras nan matematik mwen yo, e kèk nan jeyometri m yo ak, o, anpil lòt bagay, ak edikasyon mwen. Poutèt m t ap rasanble mouton dèyè a la, mwen—mwen—mwen te amelyore kèk nan bagay sa yo. Mwen te fè yon erè anba nan peyi Lejip. Mwen kwè m ap desann pou korije sa. Mwen kwè m ap desann?” Non, premye vag ki t ap vini kont li a, li t ap tonbe drèt la.

166 Kisa l te fè? Li te bliye tout sa l te janm konnen sou jeyometri ak entelijans li. Se sa ki te mete l nan pwoblèm.

167 Se sa k mete legliz nan pwoblèm jodi a, se twòp predikatè edike ki pa ne de Lespri. Gason ak fanm renmen koute diskou entelektyèl, olye pou yo preche pwisans ak rezirèksyon Jezikri.

Se sa ki mete nou nan pwoblèm jodi a. Nou pa bezwen lekòl segondè ak edikasyon pou predikatè ankò. Nou bezwen moun Bondye rele ki ranpli ak Sentespri, e pa teyoloji ke lòm fè nan kèk denominasyon. Nou bezwen dèzòm ke Bondye rele.

168 Moyiz t ap pran swen mouton, te byen tabli e li te bliye. Li te konnen ke entèlijans li te echwe. Li te konnen ke edikasyon l te echwe. Li t ap gade mouton, men li te tande, o, “Retire soulye w, Moyiz, tè w kanpe sou li a sen.” Li te koute sa. Kisa l te ye? Vwa Zanj ki te pale a te selon Lekriti. Li te pwomèt Abraham, papa l, “M ap vizite moun yo apre yo va fin pase anba la katsan lane, e M ap fè yo soti ak yon bra vanyan.” Li te rekonèt ke se te Ekriti Bondye a ki te manifeste.

169 Kite m estope yon minit. Kite sa penetre. Èske w ka wè de kisa m ap pale jodi a? Pawòl Bondye a ap manifeste drèt devan w, e ou pa reyalize sa. Panse kounye a a Sòdòm ak Gomò; panse a pwomès Kris la pou dènye jou yo.

170 Moyiz te rekonèt li; sa te selon Lekriti, se te yon pwomès. Li te tande, li te rekonèt. Yon bagay te antre nan li, frè, li te ka al fè l lè sa. Li te aji. Li te ka desann epi rete tout Farawon. Li te ka rele fleyo lè l te vle. Li te ka louvri Lanmè Wouj, paske li te tande, li te rekonèt, li t ap aji nan plas Bondye.

“Mwen va Bondye pou ou, ou va pwofèt pou Mwen,” Li te di.

Epi li te reponn: “M pa ka fè sa.”

171 Li di: “Ebyen, alò, w ap bondye, epi kite Arawon vin pwofèt ou. Ou dwe ale, kanmenm.”

172 Li pa t jis di: “Ebyen, petèt mwen ta dwe desann pou mete bagay yo annòd.”

173 Èske w ka imajine Eli sou Mon Kamèl, k ap di: “Ou konnen, peyi sa a terib ak peche, petèt, petèt mwen ta dwe soti al di Akab li ta dwe wont tèt li. Petèt mwen ta dwe monte sou mòn lan la epi chita, pou jis fè jèn pandan tan kantite tan, jouk moun yo vin tèlman malad epi fatige wè m anwo la ap mouri grangou”? Non. Non. Se pa t sa.

174 Men li te tande, e li te rekonèt, e li te aji. “Mwen te bay kòbo yo lòd pou yo ba w manje. Monte laba, bò larivyè Kerit la.”

175 Lè lè a rive pou yon konfwontasyon ant Baal e Bondye, li di l: “Ale, pran sakrifis ou yo, fè nenpòt sa w vle a avèk yo, epi envoke dye w la.” Pandan yo t ap fè mak sou pwòp kò yo, epi yo te gen anpil vyann, ap sote monte desann, ap fè anpil bri, li di l: “Rele on tijan pi fò, petèt li pati, ap kouri kèk kote. Li ka ap dòmi.” O, frè!

176 “Ebyen, ou konn yon bagay?” Li te reponn: “Mwen kwè nan Jewova, kifè m ka fè sa, kanmenm.” O, non, piga w imite sa. Non. Piga w eseye vin Eli jouk Bondye rele w pou sa. Wi, mesye. “Mwen se yon sèvitè Jewova.” Genyen sètisan ladan yo anba la, tou, men okenn nan yo pa t oze fè sa.

177 Epi lè l te koupe towo a epi vide dlo a sou li, li di: “Seyè, mwen te fè sa sou lòd Ou.” Ou wè . . . Nenpòt lòt moun ki t ap eseye, sa t ap yon echèk total.

178 Ou dwe enspire oumenm! Sentespri a dwe pote l epi rann li manifeste pou ou.

179 Se sa ki pwoblèm lan jodi a. Ou pa ka leve, kite lotèl la, pou di: “Ebyen, Alelouya, Alelouya. Seyè, mwen vle Sentespri a. Alelouya, Alelouya.” Non.

180 Men, frè, sè, lè Sentespri a enspire Pawòl sa pou ou, ou va jwenn Li anvan w kite plas ou. Yon bagay nan ou k ap boule. Predikatè p ap gen pou di w fè *sesi* epi fè *sela*. Vye fèy yo va jis tonbe, epi nouvo fèy va vini. Sa enspire pou ou. Ou p ap fache kont predikatè a lè l ap preche Verite apati de Bib la. Ou va renmen Sa, panche pou Sa. Se Manje pou nanm ou.

181 Menm Jezi, Limenm, Li di: “M pa fè sa m vle fè, selon Mwenmenm. Pitit la pa ka fè anyen lòt ke sa L wè Papa a ap fè.” Pawòl yo . . . Li te Emanyèl, Limenm. Li te Bondye sou tè a; Jezi te la. Li te chè Bondye te abite ladann lan. Li te tant Bondye te viv anba l la. Amèn. Men nan tou sa, Pitit Bondye ki te ne de yon vyèj la, Emanyèl nan plenitid Lespri a, Li te gen Lespri a san mezi. E, poutan, nan Pwòp chè L, Li di: “M pa fè anyen jiskaské Papa a montre M an premye.” Sa te enspire pou Li, pou fè l!

182 Satan te di: “Fè wòch sa yo tounen pen, epi fè yon mirak. Kite m wè Ou fè l.”

183 Li te reponn: “Li ekri: ‘Lòm p ap viv de pen sèlman.’” O, la la! Men lè yon foul moun te grangou, Li te ranmase senk ti biskwit ak de ti pwason, epi li te nourri senk mil. O, Alelouya! Ou wè sa m vle di a?

184 Pa eseye imite. Se sa k pwoblèm lan ak Pannkot jodi a. Se sa k pwoblèm ak legliz jodi a, gen twòp k ap eseye imite ke yo gen Sentespri. Genyen twòp k ap eseye imite gerizon Divin. Genyen twòp k ap eseye imite diferan bagay Seyè a. Ou pa ka fè sa. Bagay sa yo vini pa eleksyon, Bondye rele, ou soti nan vant manman an avèk sa. “Don ak apèl yo vini san repantans.” O, la la! Se vre. Ou pa ka fè tèt ou yon bagay ou pa ye.

185 Men si Bondye rele w, se pou w moun ki pi rekonesan nan mond lan poutèt Li rele w la. Alò sa vin reyèl pou ou.

186 Ala m ta pale, si m te gen tan, sou ekirèy yo lòt jou, sa te chanje m. M pa t janm wè sa anvan, e m pa t ka fè l. Hattie, te chita dèyè a la ap gade m. Kijan sa te ka janm rive? Sa pa t ka fèt, men sa te enspire, vivifye. Pawòl la te pale e li te vin konsa. Alelouya!

187 Pòl, èske w ka imajine l k ap di: “Mwen te deyò sou lanmè sa pandan katòz jou ak nwit, e pa t gen zetwal oswa lalin, oswa solèy oswa anyen. M kwè m ap jis monte pou di yo, ‘Pran kouraj,

'paské Bondye ap pran swen nou, kanmenm'”? O, Bondye pa travay konsa. Bondye pa fè sa.

<sup>188</sup> Fwa w kòrèk, frè. Fwa w mèveye. Men toutotan bagay la pa enspire pou ou!

<sup>189</sup> O, men yon limyè wouj ki pandye la, e si m wè. . . Mwen di: “Ebyen, m ap mete pye m fon sou akseleratè a. Mwen gen yon machin. Mwen ka travèse limyè sa laba, ap fè sanven mil alè.” Se vre. “Mwen ka santi pwisans lan anba pye m.” Men pito w ret tann jouk siy “ale” a vini. Alelouya!

<sup>190</sup> Èske w konprann sa m vle di a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Lè siy *ale* a vini, se kòrèk. Lè bagay la enspire pou ou, e Bondye fè konnen l jan L te fè laba a, se kòrèk. Men jiskaske Li fè sa, nou gen yon pakèt Jida k ap imite, on jan ap pwonmennen, pou di: “Ebyen, mwen se jis menm bagay ak yo. Mwen se yon Kreyen, tou.”

<sup>191</sup> O, nou pa sonje? Pitit gason Sèva yo, ki te soti pou di: “Nou kòmande w, kòmande w nan Non Jezi ke Pòl ap preche a. Soti!”

Li te reponn: “Pòl mwen konnen l, e Jezi mwen konnen l, men kimoun ou ye?”

<sup>192</sup> Lè a ap vini kote byen ak mal va manifeste. Sa montre pami Kreyen yo jodi a. Sa montre nan legliz yo jodi a. Sa montre pami moun yo jodi a. Mwen kenbe nou lontan; Mwen vle ke sa rive a oumenm.

<sup>193</sup> Pòl pa t janm di: “Mwen kwè mwen pral jis monte pou di: ‘Ebyen, pran kouraj.’” Non.

<sup>194</sup> Kisa l te fè? Li te tande yon Anj. Li te konnen ke se te menm Anj ki te toujou pale avè l la. Li te rekonèt, alò li te aji. Li te monte epi te di: “Pran kouraj. Paské Anj Seyè a, ke m ap sèvi a, te kanpe bò kote m yè swa, pou montre m yon vizyon ke pa gen anyen k ap pèdi, sou bato sa a. Pran kouraj. Al manje soupe w kounye a. Tout bagay kòrèk.” Amèn. Lè sa enspire pou ou, lè Bondye rann li kòrèk!

<sup>195</sup> Mwen te gen yon remak la kèkpa, ke m te ekri. Men li drèt la. En-hen. Nou nan fen tout bagay. Kite m jis pote sa a konsa kounye a, pou fini. Mwen espere ke Bondye te revele yon bagay pou ou. Gade. Tout bagay rive nan fen an. Yon moun te mande lòt jou swa a, mwen kwè se te Frè Fred Sothmann, nou t ap mande konbyen pwòch tan lafen an te ye.

<sup>196</sup> Frè Demos Shakarian te wè vizyon sa tèlman manifeste, epi rive senk jou pita, pafètman, sa te vrèman ranvèse l. Li te rele m. Li di: “Kijan Joseph ye?”

Mwen te reponn: “Trè byen.”

Te di: “Èske l fè vizyon?”

197 Mwen te di: “Wi. Li te pale m de David, pitit gason Frè Wood la, kote l te tonbe sou yon motosiklèt, twa oswa kat jou anvan sa te rive, egzakteman.”

Li di: “Ou konnen, bagay sa yo swiv fanmi yo.”

198 Mwen te di: “Ke se jistis ke se mechanste, sa fèt, nan de sans yo. Sa swiv fanmi yo.”

199 E nou t ap fè on ti pale, e yomenm, Fred te di m: “Ki kote sa soti, Frè Branham?”

200 Mwen di: “Gade, Fred, annou pran l nan lanati. Bondye opere dapre Lanati. Gade, gade sa k te rive. Solèy la leve nan Lès. Sa se sivilizasyon ki pi ansyen nou genyen, se Lachin.” Nou tout konn sa.

201 Sivilizasyon ki pi ansyen nou genyen se Lachin. Dakò. E sivilizasyon te deplase nan direksyon lwès tout tan. E kounye a ki kote w t ap kite si w te kite Kòt Wès la, pou travèse tou dwat? Ale nan peyi Lachin. Egzakteman. Nou nan fen an. Bib la di l, pwofèt la di l: “Pral gen yon jou kote li p ap lajounen ni lannwit, lè solèy la ap pase, men nan tan aswè,” jis anvan l fini bò isi a, “va gen Limyè ankò, menm bagay la.” Jezi te di: “Va gen lapli avan e apre sezon. E lapli aryè sezon an va pwodui alafwa lapli avan e aryè sezon, nan menm sezon an.” Nou nan tan lafen.

202 Gade isi a, kite m montre w. Politik rive nan fen l. Èske w kwè sa? Montre m yon bagay jodi a . . .

Nasyon sa a se pi mal la nan mond lan, pou koripsyon, pou enpyete. Kimoun ki te li jounal Courier Journal lòt jou swa a, nan Louisville, lè tout fanm sa yo, yo te chwazi, nan chak nasyon, fanm ki pi bèl nan nasyon an, epi aliye yo pou vin Miss tout Inivè a? Tout moun te fè l eksepte Larisi. E yo te voye wè Kwouchchev pou mande l: “Poukisa?” Li di: “Larisi pa dezabiye medam li yo, pou mache devan gason.” Yon nasyon payen, yon nasyon enpi k ap pote wont sou noumenm ki rele tèt nou Kreyen, te di: “Larisi pa dezabiye medam li yo, pou y ap mache soti konsa. E ou pa janm wè bout pantalon oswa bagay konsa nan Larisi.” Sa se enpyete a. E noumenm ki rele tèt nou “Kreyen!”

203 Se pa etonan Bib la di: “Tout tab yo vin plen ak vom. E a kimoun mwen ka anseye Doktrin, a moun ki fèk kite tete? Men se presèp sou presèp, e règ sou règ. Paske se avèk bouch k ap bege ak lòt lang Mwen pral pale ak pèp sa a. E se sa ki Repo a. Pou tout sa yo, yo pa t vle tandè.” Nou gen pwòp konsepsyon entelektyèl nou. O, ala sa ta bon pou pase tout jounen an sou Li.

204 Politik, koripsyon! Demokrat yo, Repibliken yo, ak tout moun, tonbe tèlman ba. Kisa sa ye? Se yon pil branch ki grefe. Chak moun k ap travay ladan l, ki pa ne de nouvo, soti nan dyab la. Dyab la te di: “Tout wayòm nan mond lan se pou mwen,” e Jezi pa t janm diskite avè l. Mond lan kontwole pa dyab la. E chak moun k ap travay pou gouvènman an, si l pa yon Kreyen,

li soti nan dyab la e l ap travay pou dyab la. Tout nasyon sa yo pral tonbe anba Jezikri lè L va vini, va gen yon Milenyòm.

<sup>205</sup> Gade la jodi a, kisa y ap pase kounye a. Yo kritike m paske m te depanse lajan laba a pou ede Kretyen yo, e yo te vle ban m ventan prizon leta, poutèt m depanse lajan pou opere yon mouvman relijye. Epi wiski ak byè ak sigarèt efase plizyè dizèn milyon dola pa ane, pou kòwonp nasyon an. Pandan m ap eseye preche lajistis, kanpe nan pòt Jezikri a, e yo vle voye m nan penitansye pou sa. Epi pran dè bagay tankou sa k mechan, degrade, rize, entèlijan, epi kite yo efase sòm lajan sa yo pou pwofi pwogram televizyon k ap kòwonp mond lan, k ap voye fanm yo bay chen. Se youn nan pi gran malediksyon nasyon an te janm genyen, e yo chape poul yo avè l. Yo ta voye m nan penitansye poutèt m ap preche Levanjil, poutèt mwen pran kèk dola bò isi a pou—pou preche Levanjil, ke moun yo ban mwen pou m preche Levanjil. Mwen pa rich e mwen pa ka kache sa. Men poutan yo vle voye m nan penitansye, sa fè dezan yo sou do m, epi mwen gen yon pwosè k ap vini byento. O, ala sa tonbe ba, ala sal! Bondye, gen pitye.

<sup>206</sup> M ap di yon sèl bagay, petèt se fason sa a Bondye santi l anvan L voye yon bonm atomik. Ou oblije fè yon move bagay, ou konnen. Ou oblije manyen wen L lan yon fwa, pou menm Ekriti sa a, si w pa vle ke. . . . “Pa manyen Eli M yo.” Se vre. Kifè si sa dwe pran sa pou mennen jijman an, tankou sa te fèt nan epòk Danyèl oswa yon lòt kote, ke l vini. Mwen se sèvitè W, Seyè. Se vre. O, wi.

<sup>207</sup> Politik, degrade! Nasyon an kòwonpi! Ebyen, gade sa! Yo pral mete sòlda yo an bout pantalon kounye a. O, la la! Politik, lagè! Politik rive nan fen l. Diktatè yo fo. Politik fo. Poukisa yo pa t rete ak yon wa ki sen tankou Bondye te ba yo a, David? Gran seyè Angletè a di, lè sa—lè demokrasi sa te fòme, te di: “Tout bagay oke kounye a, men lè a va rive,” li di, “sa p ap vo anyen. Ap gen vwal sèlman men okenn lank.” E li gen rezon. Te di: “Politisyen yo kanpe sou bwat savon nan chak kwen, tout kalite bagay kwochi k ap kòwonp gouvènman an.” E nonm lan te gen rezon. Se egzaktman sa k ap pase.

<sup>208</sup> Yon nonm ka soti isi a, epi pase la pou vin sou, epi dechire tout sa l vle; epi desann la, li konn tout moun, kifè pa gen anyen k ap di. Kite yon nonm pòv, oswa yon moun ke yo pa konnen, eseye fè l, y ap voye l nan prizon. Kòripsyon, degrade, salte, karant pousan nan yo omoseksyèl. Panse a sa, Sodòm ak Gomò ankò! Men gwoup la, ki sipoze relijye.

<sup>209</sup> Mwen—m ap mande m kisa k pral rive apre, lè pwochen Prezidan an vini? Bondye te bannou yon sèl bon moun sen, vye Dwight Eisenhower. E kounye a mwen o- . . . Gade kisa pwochen bagay k ap vini an. E nou ka gen yon rat pwochenn fwa a, ase sèten. Men l ap vini: “Yon Farawon ki pa konn Jozèf.” Sonje sa. M ap pale de sa nan yon segond. Politik kòwonpi. Nou konn sa.

210 Lagè rive nan fen li. O, yo te konn voye wòch youn sou lòt yon lè, youn te bat lòt nan tèt ak rach an wòch, apres a yo te tire banza ak flèch. Apres a yo te gen fizi, apres a mitrayèt, apres a modèl katreven uit an Almay, epi sitèlman gwo zam avèk nou. Apres a yo te voye grenad alamen ak gaz anpwazonnen. Men yo gen yon bonm idwojèn kounye a. Lagè rive nan fen l. Chak nasyon genyen yo, kifè kisa w pral fè kounye a? Menm yon ti nasyon jodi a, sèlman bezwen peze bouton deklanchè a, se tout sa yo bezwen fè, epi tout bagay ap sote. Lagè rive nan fen l. Hmm! Amèn. Lagè rive nan fen l. Politik rive nan fen l.

211 Edikasyon rive nan fen l. Delenkans jivenil rive nan fen l. Timoun yo, pa gen espwa pou timoun yo, yo vin fou. Ou pa ka gen okenn edikasyon. Ou pa ka desann isi a nan lekòl la epi gen, jwenn yon timoun ak edikasyon. Li se yon—li se yon timoun de fwa plis nan lanfè lè l soti ke lè l te antre. Kite pwofesè a di yon bagay sou sa, li mouri. Yo pral fòme yon ti Klan epi yo pral tire sou pwofesè a, trennen l deyò pou pann li. Nou pèdi de mil anseyan. O, tann yon minit, mwen kwè se te ven mil pwofesè, ane pase a. Mwen pa blame yo. Mwen pa ta vle fè l, tou. Kounye a yo te gen siy chak fwa: “Bay timoun sa yo edikasyon siperyè.” Yo vrèman bezwen sa, men dyab la posede yo. Dyab la genyen yo. E sa pa sèlman nòmal pou soti epi vin mechan epi—epi—epi rache yon pòtay epi kwoke l nan yon pyebwa jou sware Halloween lan, oswa fè kèk ti mechanste tankou timoun yo konn fè, oswa pran charyo yon fèmye pou mete l sou wout la, pa bagay konsa; men yo fou. Yo fè bagay ki ensanse; tire w, touye w, asasinè w, anpwazonnen w, nenpòt bagay. Sa se pwochen jenerasyon an.

212 Fè pitit rive nan fen l, diyite fanm, matènite. Enben, kontwòl nesans ap pratike toupatou, epi ti chen pran plas la.

213 Moral, pa gen okenn moral nan sa ankò. Fanm yo, ap abiye mal; sa vini avèk televizyon, tout kalite imitasyon moun mechan nan Hollywood, tout kalite bagay, mòd. Tout rive nan fen yo!

214 Edikasyon rive nan fen l. Politik rive nan fen l. Lagè rive nan fen l. Sivilizasyon rive nan fen l. Tout bagay sa yo rive nan fen yo. O la la, kisa nou ka fè la? Kisa k pwochen an? Nou rive nan fen tout bagay yo.

215 Kounye a lavi legliz rive nan fen l, legliz nòmal la, legliz. Kounye a, sa ka choke jis yon ti kras, men legliz chanèl la, legliz Ezaou a, li rive nan fen l. Kisa l ap fè? Ap dirije l nan federasyon legliz yo, ki va finalman jwenn li ak Womanis, pou konbat Katolik . . . oswa pou mete avèk Katolik pou konbat kominis. Pap Jan ap rele tout legliz pou retounen, e y ap fè sa. E yo va ini tèt yo ansanm, jis egzaktman ENSI Di SEYÈ A.

216 Ou di: “Tann yon minit, Frè Branham. W ap soti nan liy lan.” Si se sa, Bondye te ekri Bib Li andeyò liy lan. Ou oblije tankou Miche, nan ka sa.

217 Morris Cerullo te di m lòt jou swa, te di: “Kote antikris la, Frè Branham? Jwif la se li ki antikris la.”

Mwen te reponn: “Morris! Epi oumenm, ki yon Jwif?”

Li te di: “Yo se moun ki pi rayi Bondye ki egziste.”

218 Mwen te di: “Morris, pa fè sa! Di m nan Lekriti ki kote antikris la te soti Jerizalèm. Antikris la soti lavil Wòm, li pa soti an Palestin.”

Li te di: “Ebyen, gade, mwen. . . Yo rayi Bondye.”

219 “Wi, èske Bondye pa t di Li te bouche je yo pou nou te ka gen yon jou pou wè? Men jou pa nou an pral fini byento.”

220 Li te di: “O, Frè Branham, m pa t janm panse a sa.” Ou wè, men ou.

221 Ou wè, nou nan fen an. Mond chanèl la, legliz chanèl la rive, li fini. Gade kijan sa ap dirije l nan federasyon legliz yo. Frè Inité yo te antre ladan yo. Pannkotis antre ladan yo. Tout rès yo òganize tèt yo. Ou wè anba a, Kananeyen sa yo, jouk anba nèt atravè espri Ezaou sa yo, trè relijye, epi yo te fòme yon konfederasyon pou tèt yo avèk mond lan; pa avèk konpreyansyon espiritiyèl, yo pa ka ranpòte viktwa, yo pa eli pa Bondye, pou yo sòti epi separe tèt yo.

222 O, si m te ka sèlman fè wè bagay sa yo, si m te ka sèlman fè l penetre yon fason kèlkonk! Yo pa wè l. Yo gen je epi yo pa ka wè, zòrèy epi yo pa ka tande. O, poukisa nou tèlman san fòs nan Lespri a? Kounye a, koute sa. Tout bagay rive nan fen yo.

223 E Legliz espiritiyèl la rive nan fen Li. Li rive nan fen an. O Bondye! Gade dèyè byen lwen lè L te kòmanse avèk Luther, li t ap ebranle, espiritiyèl la. Apresa avèk Wesley, li te rive nan sanktifikasyon. Apresa avèk Pannkot, Sentespri a. E kounye a nan tan lafen an, Lespri Kris tèlman nan Legliz, L ap fè menm zèv ke L te fè yo, ap retounen dirèkteman nan Tèt Li ankò; prè pou inyon Legliz ak Kris, epi Vini Seyè Jezi a, ak rezirèksyon mò yo. Nou nan tan lafen an. Jezi te di konsa: “Menm jan l te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa sa va ye lè Fis de lòm lan va vini.” Èske w konprann sa?

224 Gade legliz chanèl la. Gade kote yo prale, pi lwen e pi lwen toujou.

225 Gade Legliz ranpli ak Lespri a, k ap debarase l de tout ti istwa san sans Li yo, k ap monte nan Lespri, (an minorite, natirèlman), k ap antre nan Lespri, men k ap dirije nan yon tèl plas jouk Li rive la kote Sentespri a ap ajì atravè Li, ap fè wout Li, prè pou resevwa Seyè Li, prè pou resevwa Seyè Li.

226 E lòt rès yo òganize, ap retounen nan mond lan, koupe apa, ap retounen nan federasyon an, ap dirije l nan yon sèl gwo tèt konfederasyon sa ki anba Katolik. “E te gen yon imaj bèt la ki te fòme.” Yon *imaj*, “yon bagay tankou l.” Yon konfederasyon

legliz te fòme avèk Katolik, de sa yo ansanm, ap travay ansanm. “Kimoun ki ka fè lagè ak bèt la oswa imaj li?” Se sètèn pa genyen. Nou te ka pale pandan dèzè sou sa!

227 Kounye a kite m di nou sa, e apres se va lè pou m fini. Sè ke Mwen . . . Mwen te di nou ke sa t ap long. Mwen—mwen jis santi m tèlman boulyese. Alòske Bondye te menm di bagay sa yo, te di: “Di yo. Eksprime sa. Pa rete an silans ankò. Montre yo Li. Si yo pa resevwa L, alò san an pa sou men w.” Lè a rive. Tan an, tout bagay ap dirije yo.

228 Mond lan nan fen li. Li pa ka kanpe ankò. Lagè yo nan fen yo. Ou pa ka gen okenn lagè ankò. Si w gen lagè, sa p ap kenbe; premye sa ki deklanche a, se fini. Politik, sa pouri epi kòwonpi.

229 Mond legliz la se Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis. “Se kochon nan labou, chen nan sa yo vomè.” Se vre, yo chak! Bondye ap rele, soti nan koripsyon sa, yon Legliz ki eli. Se egzaktman sa. Ezaou, yo te di: “Nou se legliz!” Mwen pa doute de sa. Jakòb te papa Ezaou, tou, se vre, kifè, men—men . . . Mwen vle di, Izarak te papa Ezaou, e Jakòb te frè l, te avè l. Men youn te rekonpanse avèk dwa denè la; lòt la te rayi sa. Youn te tandè, rekonèt, epi aji. Lòt la te di: “O, toutotan m al legliz epi m fè sa ki byen, ki diferans sa fè?” Men li. Kounye a nan . . .

230 M ap di sa la, pou fini, sèl dènye remak sa. Legliz reyèl la gen sitèlman bagay pou viv pou yo kounye a. O, sa ta dwe yon tèl moman rejwisans pou Legliz reyèl la, pou vrè Legliz la, pou Legliz eli a, lè w konnen nan kè w ou pase de lanmò a Lavi; lè w gade tèt ou pou wè, siveye vi w pou wè ke tout bagay mond lan te pase, ke w te vin yon nouvo kreyati. Koute kounye a, pou fini, avèk atansyon. Ou konnen ke w te pase, vi w pwouve l: “Se pa fwi yo ou va konnen yo.” Tout objektif ou se Kris. W ap chache pou L vini a nenpòt ki minit. Ou mache nan Lespri a. Ou renmen L. Ou wè L ap travay atravè ou. Pa gen anyen ke w anvè fè, men se Li ki jis fè l, Limenm. O, ala youn tan!

231 Sa fè m sonje atis ki te ale a Wòm lan, pou aprann vin yon atis, yon jèn kanmarad. Yo te remake l. Li te tèlman diferan de tout lòt ti gason ak tifi Ameriken yo, de tout bagay ki t al lòt bò la pou vin atis, epi ki te soti nan rès mond lan. Sèl jenn gason sa a te eksepsyonèl. Li te yon bon kanmarad, e yo te remake sa. Yo te konn gen gwo fèt, moun yo te konn ale epi, jan yo fè a Wòm lan, yo te konn vin sou otan yo kapab.

232 Mwen t al la, mwenmenm, e mwen te konn wè yo. Ap soti nan lari a, gason kou fanm, ap pwonmennen. Menm nan pak yo, ap fè relasyon seksyèl drèt nan pak la, drèt deyò nan je tout moun, san yo pa fè okenn atansyon; Angletè, tou, tout lòt rès yo. Ou wè? Sa pa pi mal pase isi a. Jis menm bagay isi a, pa bon jis apeprè menm jan an; sèlman, yo kouvri sa yon ti kras plis isi a, akoz lapolis ak bagay konsa. Bon, men se jis terib!

233 Ebyen, jenn kanmarad sa a, li te kenbe tèt li lwen tout bagay sa yo. Lè yo t al nan fèt yo, li te kite yo ale, men li t ap aprann pou l vin yon atis. Kidonk, yon jou yon vye gadyen, ki te yon Kreyen ki te nan viwonn mize a—a, galri atizay la, li te di—li te di: “Ann fè yon ti mache, pitit gason m. Ann fè yon ti mache, m ta renmen pale avè w yon ti moman.”

Li te reponn: “Dakò.”

234 Alò yo te ale, ap mache sou yon ti mòn, e yo toulède ak men yo dèyè do yo, t ap mache sou ti mòn lan. Solèy la t ap kouche. Kifè vye bonòm lan di jenn atis la, li te di: “Pitit gason m, ou se yon Ameriken.”

Li te reponn: “M se sa.”

235 Li te di: “Ou vin isi a pou w pran fòmasyon nan zafè atis. Mwen sipoze w vle vin yon atis nan lavi.”

Li di: “M ap planifye pou m fè sa, mesye.”

Li di: “Mwen rann mwen kont ke w se yon Kreyen.”

Li di: “Mwen se yon Kreyen.”

236 Li di: “Ebyen, gen yon sèl bagay mwen ta renmen mande w. Mwen te mande lòt yo. Yo di yo se Kreyen, tou.” Li di: “Kisa k fè w tèlman diferan? Kisa k fè w diferan de rès ti gason Ameriken sa yo, ak tifi sa yo ki soti an Amerik? Kisa k fè w tèlman diferan, e poutan nou tout di nou se ‘Kreyen?’”

Li di: “Mesye, ou wè fason solèy sa ap kouche a?”

Li di: “Wi.”

237 Li di: “Byen lwen travèse oseyan an, nan yon eta kèlkonk nan Nouvèl Angletè, nan yon vil kèlkonk nan eta sa, e nan yon kay kèlkonk nan vil sa, gen yon tifi ke m te pwomèt ke m t ap rete fidèl a li.” Li di: “Se tout sa ki nan lespri m, pou m fè edikasyon m nan zafè atis epi retounen jwenn tifi sa k ap viv fidèl a mwen an.” Li di: “Se poutèt sa mwen viv jan m fè l la.”

238 O, frè, sè, ou ta ka mande poukisa ke nou pa fè nou sousi jan yo rele nou an. Mwen pa fè ka de sa yo di.

239 Mwen te kanpe avèk Fred lòt jou, anba nan San Juan, Pòtoriko, ap gade lòt bò lanmè a, e m te remake, resif koray sa, a uit san mèt de la, gwo vag sa yo t ap frape. Li te di . . . Flamingo ap mache nan jaden an, e latriye. Mwen di . . . Li di: “Frè Branham, sa se tankou Syèl la.”

240 Mwen di: “Men lanmè a ap trankil la, frè.” Mwen di: “Jis lòtbò lanmè a laba, gen yon kote kèlkonk ki rele Syèl, gen yon gwo Sila ki rele Jezi, nan Syèl sa, ke yon jou Li te retire tout peche m yo. E m te pwomèt Li ke m t ap viv fidèl avè L, m t ap fè bagay Li te vle m fè yo. Se pou rezon sa a mwen pa wont Levanjil Li a, Se Pwisans Bondye pou sali.” Se sa ki fè yon Kreyen viv diferan. Li diferan paske li gen yon Bagay pou l viv diferan pou li.

Annou bese tèt nou jis yon moman.

<sup>241</sup> Zanmi mwen ki dekouraje, maten an, èske w gen yon bagay diferan w ap viv pou li, yon bagay ki mennen w soti nan mond lan, yon bagay ki vle di plis pou ou ke tout mond lan, se viv pou Kris? Si w pa genyen sa, poukisa w pa resevwa L kounye a. Jis pa al legliz pou ap di: “Mwen vle vin yon bon moun.” Pa fè sa. Ou vle vin yon Kretyen. Oumenm, si te gen yon bagay ki te toujou nan kè w, k ap di w: “Ou pa kòrèk, men mwen vle w kòrèk.” Ou te toujou anvè vin yon bagay ke w pa ye kounye a, èske w pa konnen ke se Bondye k ap rele w? Pa vire do w bay sa. “Paske si w te eklere yon fwa epi w te gen opòtinite a, epi w te refize l dènye fwa ou, pa gen okenn sakrifis ankò ki rete pou peche.” Piga w sanble ak Ezaou.

<sup>242</sup> Vin ak Jakòb, kèlkeswa . . . kèlkeswa sa l pral koute w. Si sa koute w lakay ou, si sa koute w travay ou, si sa koute mari w, sa koute madanm ou, si sa koute pitit nou yo, si sa koute nenpòt bagay, jwenn dwa denès la! Se sa ki konte. E si w santi w konsa sou sa, maten an, e ou ta renmen gen dwa denès sa a! Mwen pa ka ba ou l. Bondye kapab, e se Li k ap pale avè w la. Èske w ta vle jis leve men w, di: “Priye pou mwen, Frè Branham. Dwa denès sa, mwen vle l.” Bondye beni w, toupatou atravè lemond. “Dwa denès sa, mwen vle l.”

<sup>243</sup> Papa nou ki nan Syèl la, mwen di W mèsi, Bondye Ki Pi Nòb e ki pi Sen, pou tout bonte ak mizerikòd Ou anvè pitit gason ak pitit fi lèzòm. E nou reyalize ke nou nan tan lafen an, anyen pa ka kontinye pi lontan. Nou jis ap tann nan tan k rete a; tankou sa te ye nan epòk Noye yo, pasyans Bondye, lè lach la t ap prepare, lè sèlman uit nanm te sove. Ou di: “Se konsa l va ye lè Fis de lòm lan va vini. Pasyans Bondye, ki pa vle pou okenn moun peri, men pou tout moun ka rive nan repantans.”

<sup>244</sup> E jodi a nan bilding sa a, gen gason ak fanm ki leve men yo, ti gason ak tifi, jèn ak granmoun, yo leve men yo, epi yo di: “Gen yon Bagay k ap rale m.” O Bondye, ke yo pa janm refize L. Ke yo vann edikasyon yo, ke yo vann tout sa yo te genyen. Tankou nonm lan ki te jwenn gwo pèl la; se te yon gwo pèl remakab, se te pi gran pèl la, e li te vann tout ti piti zwit li yo, pou l te ka achte gwo pèl remakab sa a. Ke yo vann tout bagay ke yo te genyen nan lemond, maten an, tout popilarite yo nan lemond.

<sup>245</sup> Fanm sa yo ki chita isi a, Seyè, anpil nan yo ki te tande Levanjil la preche anpil fwa, epi toujou ap mache dwat nan mond lan, epi alamòd tankou mond lan epi abiye tankou mond lan, epi al nan fèt ak bagay ke lemond, ap patisipe nan bagay monn lan epi aji tankou mond lan, epi sèvi ak bagay lemond yo. O Bondye, ke yo wont, maten an. Si gen nenpòt espwa nan yo apèn, Seyè, vire l jodi a. Ke sa vin moman an.

<sup>246</sup> E mesye sa yo isi a, Seyè, O Bondye, gen pitye pou yo. Anpil nan yo toujou ap mache nan bagay lemond, toujou ak dezi pou ap

jwi bagay mond lan, peche, fimen, bwè, ti bweson sosyal, yon ti byè sou kote, oswa—oswa yon bagay konsa, oswa ak konvwatiz, epi akwoche afich endesan, jenn fanm ak abiman souye. Epi kò sa yo ke y ap gade nan lari a, e yo prèske kraze moun pou ap gade yo, ap rele tèt yo Kreyten.

Epi konnen ke fòm kò fanm sa, nan petèt vennkatrè, pral pouri laba nan tonbo, ensèk ak vè k ap rale atravè fòm sa yo pou fòmè chapant kò manzè; epi nanm li laba nan lanfè dyab, poutèt fason li te viv la. E, poutan, l ap lonje ti bouch li, ki pentire, pou ap meprize w epi pase w nan betiz.

<sup>247</sup> Bondye, gen pitye pou moun sa yo. O Seyè, pa kite yo pèdi. Tanpri gen pitye epi voye mizèrikòd. Bay yo chak, Seyè. Ou se sèl Sila ki ka bay benediksyon sa a. E si Ou te rele yo jwenn Lavi Etènèl, ke kè yo louvri; pou yo mete tout bagay sou kote maten an, e lè sa yo va resevwa l. Akòde l, Papa.

<sup>248</sup> E kounye a ke Sentespri a vini nan reyinyon sa, pou malad ak aflije yo, epi kite moun yo wè ke Mesaj sa a ki te preche maten an, ke Vini an ak tout bagay rive nan fen yo, e menm Jezi ap travay nan Legliz Li. Kite sa rive kounye a menm, Seyè, ke Ou ka pran moun sa yo nan men W. E lè yo wè Sentespri a ap travay, ap bouje nan mitan pèp la, ke sa ka konfime, Mesaj ke m te preche a, ke nou nan fen tan an. E ke yo ka koute. Yo te tandè, e ke yo rekonèt ke menm Jezi sa, fason Li te fè l nan jou pa L la, Li isi a ap fè l atravè Legliz Li nan dènye jou a. Epi apres a ke yo aji, nan bay vi yo ak kò yo, ak nanm yo ak lespri yo, a Li. Mwen ba Ou yo, Seyè, nan Non Jezi.

<sup>249</sup> Kounye a, nan bilding kote moun yo ye a, Mwen te voye Billy maten an pou distribye kat priyè. Li . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

<sup>250</sup> Èske w malad, nan bezwen? Si Bondye revele m, tankou L te fè ak fanm bò pi a, pou di m ki pwoblèm ou, oswa yon bagay sou ou, pou w konnen ke m pa okouran, èske sa t ap fè w gen lafwa pou kwè Bondye? Èske sa t ap fè rès nan nou yo gen lafwa? Èske se premye fwa nou rankontre? [Sè a di: “Non.”—Editè a.] O, ou te wè m anvan, men mwen se yon etranje pou ou. Èske se vre? Trè byen, ke Seyè Bondye a akòde demann ou an.

<sup>251</sup> Kounye a, èske li reyèl, ou pa? O, la la! Envoke relijyon entelektyèl ou. “Baal,” li te di, “kote l ye?” Eli sou Mòn Kamèl la, te di: “Kote Baal? Ki kote? Reveye l.” Ou pa bezwen reveye Jezi. Li reveye tout tan. Li toujou prezan, toujou vivan, toujou kapab; menm bagay la ayè, jodi a, ak pou tout tan. Amèn. Bondye rete Bondye.

<sup>252</sup> Ou kwè pwoblèm kè w la ap kite w epi ou pral geri? Ou pa soti bò isi a. Retounen Lexington pou di moun yo ki gwo bagay Seyè a fè pou ou. Ou wè?

<sup>253</sup> Sa pase anlè tèt moun yo, ki pa janm sezi sa. Yon Legliz vivan ap sezi sa, byen vit, epi konnen ke Prezans Sentespri a isi a.

254 Yon moun dèyè a la te leve men l. Èske se te oumenm, madanm? Ou kwè Bondye ka di m pwoblèm ou a? Vye . . .

255 Frè a ki la nan bout la, mwen kwè li te di, yon ti tan de sa, ke . . . Ou kwè, frè? [Frè a di: “Wi.”—Editè a.] Ou kwè? Alò pwoblèm po sa ap kite w, tout bagay ap anfòm. Èske w kwè sa? Èske w aksepte ke w geri? Leve men w, fè sa. Ou wè? En-hen. Trè byen. Li se yon etranje pou mwen. Ou konn sa, Pat.

256 Yon dam ki t ap gade la, ap priye, li te gade m, li te di li te yon etranje. Ou kwè tansyon wo w la pral kite w? Se vre, èske se pa vre? Leve men w si se vre. Trè byen, gen lafwa nan Bondye.

Ou wè sa m vle di a?

257 E noumenm kèk nan moun ki konnen m yo? Ou gen yon bagay nan kè w. Leve men w. Tèlman anpil nan nou! Mwen pa ka fè l; Sa jis oblije vini. Ou konnen, se fwa w.

258 Georgie Bruce, mwen wè l chita la. Ou toujou ap eseye jwenn yon bagay pou yon moun, Georgie. Ou te geri, ak yon kansè. Piga w gen dout nan lespri w. Jou w te vin nan tabènak sa a pou soti nan pòt sa laba a, Sentespri a te vin sou mwen, e te di w drèt la kèk zak ke pèsonn nan mond lan pa t konnen ke oumenm ak Bondye epi yon lòt moun. Èske se vre? Se vre. Ou kwè m, pa vre, Georgie? Ou gen yon bagay nan kè w, Georgie. Ou kwè Bondye ka di m sa k nan kè w la?

Èske sa t ap fè rès lan nou yo, moun ki konnen m yo, kwè?

259 Mwen konn Georgie, men l ap panse a yon bagay. Li gen de moun, ki lwen isi a, l ap priye pou yo. Yo toulède ap viv Koridon. Se vre. E li gen yon moun isi a, yon nonm l ap priye pou li, ki deyò la nan lopital la. E w ap priye, pa tèlman pou gerizon l, men pou sali nanm li. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Se vre. Se vre, Georgie? Se egzakteman sa.

260 Yon moun byen lwen dèyè a te leve men l, byen lwen dèyè a, dèyè isi a. Oumenm, e ou menm? Èske w ta vle leve men w, ou se yon etranje pou mwen? Nonm sa a ki chita la k ap gade m, mwen pa konnen w. Èske nou kwè m se pwofèt Bondye, sèvitè Bondye? Nou kwè Sentespri a, sa m te di a se Laverite? Ou kwè Sa? [Frè a di: “Wi.”—Editè a.] Si w kwè, ou te o- . . . sa se sèl bagay ou genyen, paske w ap soufri ak kansè. Se vre. Ou pa soti nan vil sa. Ou soti New Albany. Se vre. E ou gen kansè. Si w kwè ak tout kè w, w ap geri. Èske w ap aksepte l? Leve men w. Ke Seyè a beni.

261 Mwen kwè, fanm sa laba ak chapo blan nan tèt li a, dam nwa a, te leve men l. Mwen poko gen yon moun nwa. Ou kwè, madanm? Trè byen, mesye, kwè ak tout kè w. Ou gen pwoblèm kè, pwoblèm nan lestomak, gen konplikasyon. Yon moun te mennen w isi a maten an. ENSI DI SEYÈ A. Se vre, èske se pa sa, madanm? Si se vre, ajite mouchwa sa ou gen nan men w lan, pou moun yo ka wè. Mwen pa t janm wè fanm lan nan vi m.

262 Èske w te leve men w? Èske m se yon etranje pou ou? E ou se yon etranje pou mwen. Ou kwè Bondye konnen m, oswa Bondye konnen w? Ou kwè Li ka di m sa k nan kè w? W ap priye pou yon moun. Se papa w, ki gen pwoblèm kè. Se vre. E w ap chache batèm Sentespri a. ENSI DI SEYÈ A.

Si w ka kwè!

263 E ti dam lan ak men l anlè *konsa*, ou kwè? Pwoblèm ou se gratèl sa sou men w. Men w ap priye pou yon pitit pitit. Se vre. Timoun lan pa nòmàl. Se vre. Èske se pa sa, madanm? Ou kwè ak tout kè w, pou sa.

Lè m te di: “timoun.” Tann yon minit. O, men ou. Pitit gason w lan te gen yon aksidan machin; li enfim. Mwen pa konnen w, madanm, men se vre. Si se vre, leve men w.

264 Kounye a, Kimoun ki isi a? Ki moun Li ye? Se pa mwen. Kijan m te ka fè sa? Piga w angoudi konsènan Lespri, bagay Espirityèl yo. Se Bondye ki isi a! Sentespri sa ke ou vle a, èske w kwè Li kounye a? Èske w kwè Li kounye a? Trè byen, alò resevwa L kounye a. Kounye a se tan pou resevwa L. Kwè ak tout kè w.

265 Oumenm ki malad oswa ki nan bezwen. Mwen pa ka geri. Pa gen moun ki ka geri. Mwen pa ka bay Sentespri a. Men Sila ki ka geri epi bay Sentespri a, Li isi a. Li se Sila K ap fè l.

266 Kounye a bese tèt nou. Ou kwè kounye a menm, pandan m ap priye pou ou ak mouchwa sa yo.

267 Papa nou ki nan Syèl la, selon sa m konnen, m te pase atravè tout moun ki te etranje, an otan ke mwen te santi m afèbli mwenmenm sou pwen tonbe; te santi kondwit ke sa a se moman an petèt ke moun ki Eli yo te wè. Ke chak grenn nan yo, Seyè, ke W te pèmèt Lespri Ou rele; yon bagay, fwa yo, yo te gen plis fwa (kèk nan yo) olye pou yo te sipoze ke yo te genyen l. Yo te jis kòmanse nan kè yo.

268 Epi fanm lan te touche rad Li yon fwa lè L t ap pase, e Li te tounen pou di: “Kimoun ki te touche M?”

Epi yo te reponn: “Ebyen, tout moun t ap touche W.”

269 Li di: “Men mwen santi Mwen vin fèb.” Epi Li te jwenn ti fanm lan epi Li te di l li te gen yon pwoblèm san, e fwa li te geri l.

270 Epi Bib la di, ke, “Li se toujou Souvren Sakrifikatè a, jodi a, ki ka touche pa santiman enfimite nou yo.” Ekriti a di: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” E si Li se menm bagay la, e menm Souvren Sakrifikatè a, L ap ajì menm jan an pou fè menm bagay la.

271 E ke moun yo wè ke Legliz ranpli ak Lespri a ap pwogrese rive nan yon somè. Kris sou pwen vin pran Legliz Li. Dènye gwo siy li yo, jan l te ye nan epòk Sodòm lan; Kimoun ki te pale, ki te konn Sarah, e te konnen li te gen yon madanm ki te rele Sarah, te

konnen manzè te ri nan tant lan; Li di: “Sa pral yon siy. Lè w wè sa, sonje, jenerasyon sa p ap pase jiskaske tout bagay akonpli.” Men li. Nou nan fen an.

<sup>272</sup> Akòde, Seyè, ke chak moun malad isi a ka konnen ke Jezikri vivan an prezan. Ke mouchwa sa yo beni pou chak kò malad ke yo va al wè. Mwen kondane dyab la, pou moun yo. Mwen chase l, ak Lespri Bondye, nan lafwa, mwen chase tout lonbraj dout. Ke chak moun isi a, ki predestine pou Lavi Etènèl, resevwa L nan moman sa. Ke tout sipèstisyon, tout ti panchan, tout ti bagay nan mond lan, tout ti fado, jan Bib la di a: “Ann mete tout fado sou kote, ak peche ki anvayi nou si fasil; pou nou ka kouri, ak pasyans, kous ki tabli devan nou an; ap gade” (kisa? legliz la? òganizasyon an?) “pou Otè ak Moun ki te kreye lafwa nou an,” ki isi a kounye a, “Jezikri, Pitit Bondye a.” Ap gade Sila Ki . . . Nou pa bezwen pran mo ke nou konnen ke se vre, men poutan Pawòl sa yo vin reyèl pou nou maten an. Menm Jezi sa ki te mouri a, li pa mouri, Li resisite, e de mil an pita Li mennen Legliz Li a nan yon aboutisman. Lespri Jida ap travay nan mitan yo. Men se pou yo mete tout obstak ak tout bagay sou kote, lè sa a, pou resevwa Li.


<sup>273</sup> Ke yo koute, se sa yo posede, atravè mesaj sa. Ke yo rekonèt kounye a ke menm Pawòl sa yo te tande yo te manifeste, e ke yo rekonèt Sa, ke Se Kris. Epi kounye a ke yo aji, aji dapre Li: resevwa L, epi leve kanpe, bay temwayaj; epi ale nan Wayòm Bondye a, lè yo ranpli ak Sentespri a.

<sup>274</sup> Ke malad yo geri. Ke aflije yo geri. Ke tout dezi kè yo vin dwat. Akòde l, Bondye Toupwisan an.

<sup>275</sup> Kounye a ak tèt nou bese, kè nou louvri, jis bay tèt nou yon peryòd lapriyè; jis anvan, mwen kwè, sèvis batèm lan ap rive, jis anvan sa. Ap gen yon lòt sèvis aswè a.

<sup>276</sup> Kounye a, sonje, pa kite okazyon sa pase. Mwen te isit la kounye a depi dezè edmi, oswa plis, ap eseye pran tan m, epi pote Levanjil la, epi prezante L jis pafètman. Apre sa nou rive drèt jouk nan fen an. Epi sijè a menm: koute, rekonèt, aji. Pa kite l pase anlè tèt ou. Ou te koute Sa. Èske w rekonèt ke Prezans Li isi a? Èske w konnen Se Li k ap rele w? Apre sa aji dapre Sa. Ke Bondye avèk ou. Pran yon moman pou priye.

<sup>277</sup> Frè Neville, vini, yon ti kras pi pre, nan lapriyè, si w ta vle monte isi a.

Jis kenbe l. 

60-0221 Koute, Rekonèt, Aji Dapre Pawòl Bondye  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)